ДÆ КАРНÆ НИВГУН ЦÆМÆЙ УА, УОБÆЛ ДÆХУÆДÆГ РÆСТЗÆРДÆЙ АРХАЙÆ!..

2022

Нæуæг анз нин нæуæг æнтæстдзийнæдтæмæ цардвæндаг исуæд!..

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№47-48 (826) 2021 анзи 30 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман



БИТИТИ Алани конд хузæ «Мæйон æхсæвæ».

Цанæбæрæг рæстæг ма рацæуудзæнæй æма æмбурдæй бакъахдзæф кæндзинан Нæуæг, 2022 анзи къæсæрбæл. Бакъахдзæф кæндзинан нæуæг, зæрдтагондæр фæндитæ, нифс æма разæнгарддзийнади хæццæ. Алкедæр ни уомæ бæллуй, цæмæй нæуæг анз алли бийнонтæн дæр исуа фарнæ æма амондхæссæг, цæмæй нæ цард еугур гъуддæгутæй дæр фæррайдзастдæр уа, цæмæй нæ уарзон Иристон тухгинæй-тухгиндæр кæна хуарздзийнæдтæй, дзилли æнгондзийнадæ æма еузæрдиуондзийнадæй, цардгъондзийнадæй. Еугур еци гъуддæгути фæдбæл нæ газети, гъай-гъайдæр, финсдзинан.

Нур ба ма нæ фæндуй зæгъун сæрмагондæй еу хабари туххæй. Нæуæг, 2022 анз Уæрæсей нимад цæуудзæнæй нæ бæсти цæрæг адæмти адæмон исфæлдистади æма æнæматериалон культури Анзбæл. Уомæ гæсгæ ба уой фæдбæл газет «Дигори» еудадзуг мухургонд цæудзæнæнцæ аллихузон æрмæгутæ – куд адæмон исфæлдистади уадзимистæ, уотæ, нæ адæми уодварни хæзнатæ багъæуай кæнунбæл æновудæй ка байархайдта, æма нуртæкки дæр ка архайуй, уони туххæй хецæн уацтæ.

Абони уæ зонгæ кæнæн номдзуд таурæхъгæнæг **Уæдати Николайи фурт Губадий** цардвæндаги хабæртти, уæдта, ци таурæхътæ кæнидæ, уонæй цалдæрей хæццæ.

Æрмæгутæ кæсетæ 12-13-аг фæрстæбæл.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ.
(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

*Нæуæг анз нæмæ æрбахæстæг кæнуй, тагъд нин нæ дуар æрбахуайдзæнæй æма нæмæ фарни къах æрбайвæрæд!.. Берæ хуæрзти хæццæ фæууй е ‘рбацуд æма си Иристонæн, нæ адæмæн дæр агъазиау хай куд бакæна, уæхæн амонд нæ уæд!*



Нæ республики Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æрæги Уæллаг Фиййагдони 13-анздзуд ТАУЧЕЛТИ Арсенæн балæвар кодта гитарæ – æригон музыкант рагæй бæлдтæй ауæхæн музыкалон инструментмæ æма æ бæлдæ исæнхæст æй.

# НÆУÆГ АНЗ НÆ ЕУГУРЕМÆН ДÆР ФАРНÆХÆССÆГ УÆД!..

## «УÆ ЦАРД ЦИЙНÆ ÆМА ФАРНÆЙ РАЙДЗАСТ УÆД!..»

***Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйлой арфæ нæ республики цæргутæн Нæуæг анзи фæдбæл:***

«Цæгат Иристони цитгин цæргутæ!

Хъазар æмзæнхонтæ!

Æрлæуунтæбæл æй нæуæг, 2022 анз – зæрдæдарæнти, рæвдауæн арфити æма, идарддæри нæмæ айдагъдæр хуарздзийнæдтæ ке æнгъæлмæ кæсуй, уобæл федар æууæнки бæрæгбон. Е æй хатдзæгтæ банимайуни æма исонибонмæ нисантæ исбæлвурд кæнуни рæстæг.

Цæгат Иристони цæргутæн, ци анз райевгъуйдзæнæй, е хумæтæг нæ адтæй. Куд æнæгъæнæ бæстæ, уæдта куд æнæгъæнæ дуйне, уотæ мах дæр, ахид нæ гæнæнтæ æма равгитæй кæрæйкæронмæ пайда кæнгæй, идарддæр тох кодтан коронавируси инфекций нихмæ, кæци нæ царди еугур къабæзтæмæ бахаста æйййивддзийнæдтæ, бавзарун нин кодта берæ аллихузон фудæвзарæнтæ. Фал, цийфæнди кæд адтæй, уæддæр бавдистан фæразундзийнадæ, уомæн æма кæрæдзей хæццæ адтан æмварс, кæрæдзей мæтæ кодтан, кæрæдземæн агъаз кодтан. Алкедæр ни æхе бунати æнхæст кодта, кæмæй ни ци аразгæ адтæй, уой, цæмæй аккаг хузи æнхæстгонд цудайуонцæ, ци фарстатæ фæззинниуонцæ, уой сæрбæлтау.

Мах берæ æма лæмбунæгæй фæллойнæ кодтан. Нæ адæм еума хатт бабæй бавдиста багъæуаги æрбангом уни арæхстдзийнадæ, еумæйаг фарнæн рæстзæрдæй косун æма аразун. Æма федарæй æууæндун, идарддæр нæ бон ке исуодзæнæй рæстæги цийфæнди рæгафæнтæбæл дæр фæуууæлахез ун.

Мæхердигæй ба уин федарæй зæрдæ æвæрун уомæй, æма æрлæууйнаг анзи дæр идарддæр æновудæй æма бæрнонæй ке архайдзинан нæ региони социалон-экономикон равгитæ баргъондæр кæнуни æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, ахурадæ, културæ æма спорти райрæзти хæццæ баст фарстатæ æнхæст кæнунбæл. Цæгат Иристони алли цæрæги сагъæссæгтæ æма алли бийнонти фæрнугадæ алкæддæр адтæнцæ æма идарддæр дæр уодзæнæнцæ сæйрагдæр хинцуйнæгтæ республикон хецаудзийнадæн.

Хъазар æмбæлттæ! Рæстудæй уин мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй уæ еугур мæститæ æма гъигæдард цæмæй æййафтайтæ, етæ байзайуонцæ, мæнæ ци анз райевгъуйдзæнæй, уоми æма нæуæг, 2022 анз ба уин æрбахæсса берæ-берæ цийнæдзийнадæ, амонд, балæвар уин кæна нæуæг гæнæнтæ уæ царди æма кусти, федар æнæнездзийнадæ æма æгæрон разæнгарддзийнадæ! Сабурдзийнадæ уин, æнтæстдзийнæдтæ æма фарнæй æнхæстдзийнадæ!..»

## АДÆЙМАГИ ТУХСТМÆ УСХЪÆ БАДАРУН ИХÆСÆН БАЙЗАДÆЙ

Нæуæг анзи хуæдразмæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Хецауади хæдзари фембалдæй республики цæргути къуари хæццæ. Ци дууадæс адæймаги си архайдта, уонæй алкæмæ дæр адтæй айдагъ комкоммæ æхе сагъæссаг фарстатæ нæ, фал æхсæнадон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн курдиæттæ дæр.

Бехъани поселокки цæрæг Еленæ Пальцева курдта, цæмæй сæмæ фельдшерон-акушерон пункт арæзт æрцæуа. Сергей Меняйло ин зæрдæ байвардта, фельдшерон-акушерон пункти арæзтадæ Уæрæсей Федераций программæ «Æнæнездзийнади ирæзт»-мæ гæсгæ нæуæг анзи пъланмæ хаст ке ‘рцудæй, уомæй.

**Плити Лизæ** республики Сæргълæууæгæй ракурдта, цæмæй Комгæрони гъæуи Кирови номбæл гъæунгæ цалцæггонд æрцæуа. Уой фæдбæл Сергей Меняйло Горæтгæрон районы разамунд, уæдта транспорт æма фæндаггон инфраструктури Комитетæн байхæс кодта аци нади арæзтадæ 2022 анзи нæдти арæзтади пъланмæ бахæссун. Республики разамонæг исæвардта ихæс: сæрдæмæ Комгæрони сæйраг гъæунгæ цалцæггонд куд æрцæуа.

Камбилеевки гъæуи Устур Нихæси номæй **Уалити Мæирбег** курдиадæ балæвардта, цæмæй Камбилеевки фиццаг астæуккаг скъола капиталон æгъдауæй цалцæггонд æрцæуа. Скъола арæзт æрцудæй 1949 анзи, нури уæнгæ æ сæр æхгæд æй æмбæрзæн дорæй. Наукæ æма ахуради министр **Алибегти Эллæ** куд балæдæрун кодта, уотемæй Уæрæсей Федераций Ахуради Министрадæ барæ равардта, Камбилеевки фиццаг скъолай капиталон цалцæг 2022-2023 æнзти национ проект «Ахуради ирæзт»-и номхигъдмæ бахæссунæн. Уой туххæй федералон æма республикон бюджетæй радех кæндзæнæнцæ 179 миллион соми. Куститæ гъæуама кæронмæ фæууонцæ 2023 анзи августи мæйæмæ.

Уомæй идарддæр ма, 2022 анзи капиталон æгъдауæй исцалцæг кæндзæнæнцæ Дигорай фиццаг астæуккаг скъола. Уой фæдбæл курдиадæ балæвардта бунæттон цæрæг **Цæголти Зæлинæ**. Аци фарста дæр Сергей Меняйло байхæс кодта республики ахурадæ æма науки Министрадæн. Куд загътонцæ, уотемæй аци гъуддагæн национ проект «Ахуради ирæзт»-и фæлгæти федералон æма республикон бюджетæй рахед кодтонцæ 66 миллиони æма 874 мин соми. Цалцæг кæнунмæ бавналдзæнæнцæ нæуæг анзи апърели мæйи.

Паддзахадон программæ «Гъæууон фæзуæтти комплексон ирæзт»-и фæлгæти 2022 анзи Заманхъули сæйраг гъæунгмæ электрон рохс бауадздзæнæнцæ. Уой туххæй радзурдта Заманхъули цæрæг **Кудзиати Зæринæ.**

Алагири цæрæг **Чехойти Фатимæ** ракурдта, цæмæй аййевгонд æрцæуа Алагири Къостай номбæл гъæунги 101-аг хæдзари тургъæ. Еци фарстабæл дæр куст цæуй.

Мæздæги районы цæрæг **Ираузат Шошуковайи** фæндæмæ гæсгæ Хъизлари рæвдауæндони рази фæлладуадзæн бунат исараздзæнæнцæ. Сергей Меняйло ин зæрдæ байвардта, 2022 анзи программæ «Горæтгæрон фадуатгин алфамбулай»-и фæлгæти фæлладуадзæн бунати арæзтадæмæ ке бавналдзæнæнцæ, уомæй.

Еци бон ма курдиæттæ ка балæвардта, уонæн сæ еугуремæн дæр фæййагъаз кæндзæнæнцæ.

## ХУАРЗÆЙ ХУАРЗ ЗÆГЪУН ГЪÆУЙ!..

***Нæуæг анзи хуæдразмæ нæ республики социалон-экономикон æма культурон царди æрцудæй берæ зæрдрохсгæнæн хабæрттæ æма цаутæ. Сæ еугурей ранимайунæн нин равгæ нæййес, фал си кæцидæрти кой ба уæддæр æнæ ракæнæн нæййес.***

***

Нæ бæсти минкъий, рæстæмбес амалгъонадæн агъаз æма инвестицион архайд гъомусгиндæр кæнуни туххæй программи федаргонд мадзæлттæ æнхæст кæнунæн Цæгат Иристони 2022-2024 æнзти дехгонд æрцæудзæнæй 405,2 миллион сомемæй фулдæр (уонæй 136,4 миллиони – федералон бюджетæй).

***

Гъæууон территорити комплексон райрæзти паддзахадон программæ æнхæст кæнунæн Цæгат Иристони дехгонд æрцудæй 792 миллион соми. Еци фæрæзнити фæрци арæзт æрцудæй берæ ахсгиаг куститæ. Зæгъæн, æхсæз гъæуеми Уæллаг æма Дæллаг Санибай, Гизæли, Ногири, Гъæдгæрони æма Майрæмадаги) реконструкцигонд æрцудæнцæ донуадзæнтæ. Еци куст æнхæстгонд цæуй Елхотти дæр. Дур-Дури ба исцалцæг кодтонцæ бунæттон скъола æма амбулаторий азгъунститæ.

***

Цæгат Иристони фæффулдæр æй æхсир æма фид цæттæ кæнуни бæрцæ. Фари хæццæ рабаргæй æхсир дугъд æрцудæй 2700 тонни фулдæр, нæхемæ цæттæгонд фид ба – 11 тонни фулдæр. Е æй, сторвонс нæмæ ке фæффулдæр æй, уой фæрци – аци анзи еуæндæс мæйемæ фæффулдæр æй 1589 сæрей бæрцæ.

***

Уæрæсей Пенсион фонд куд игъосун кæнуй, уотемæй гъæути цæрæг пенсиесгутæн сæ пенситæ фæффулдæр уодзæнæнцæ 25% бæрцæ. Æцæг си гъæуи еудадзуг ка цæруй æма косгæ ка нæ кæнуй, еци пенсиесгутæн. Уæдта еума зонуйнаг – еци адæймæгутæй 2022 анзи кенæ фæстæдæр æ цæрæнбунат сахармæ ка раййева, уомæн дæр еци æфтауæн фист цæудзæнæй.

***

Нæ республики муниципалон искондти ‘хсæн конкурс нæмæ арæзт цæуй æртиккаг анз. Бунæттон хеунаффæйади оргæнти архайдæн аргъгæнæг къамис, Хецауади Сæрдар Дзанайти Бариси разамундæй æрæги æркастæй фари кусти бæрæггæнæнтæмæ. Æма еумæйаг унаффæй фиццаг бунат исаккаг кодтонцæ Мæздæги районæн, дуккаг Ирæфи æма æртиккаг Алагири районтæн. Конкурси уæлахездзаутæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ финансон æгъдауæй: Мæздæги районæн – дæс миллион соми, Ирæфи районæн – фондз миллион соми, Алагири районæн – æртæ миллион соми.





БИТИТИ Алани конд хузæ.

# БИЙНОНТИ ТУХГИНДÆР СЕ 'НГОН ЦАРД КÆНУЙ!..

**САКЪИТИ Эльбрус**

НÆУÆГ анз рагæй-æрæгæмæ дæр нæ адæммæ нимад цæуй бийнонти бæрæгбонбæл, сæ еудзийнади цийнадæ æвдесæнбæл. Ци гæнæн æма амал ес, уомæй алли бийнонтæ дæр еумæ бамбурд унцæ æма уотемæй æмзæрдæй фæццийнæ кæнунцæ. Уогæ е уотæ нæ амонуй, æма сæ бæрæгбони фæрзеуæй нæ хайгин кодтонцæ æма нæ кæнунцæ иуазæги. Нæ адæми æгъдæуттæмæ гæсгæ иуазæг кæдфæндидæр кадгин адтæй, æма 'й нæбанимайундзийнади хузи гъолон некæд кодтонцæ.

Иннæ бæрæгбæнттæй игъаугидæр Нæуæг анзи бæрæгбонмæ адæм сæхе фæццæттæ кæнунцæ уæлдай зæрдиагæй, берæвæрсугæй. Цæмæй син дессаги зæрдæмæдзæугæ рауайа, уобæл рагацау байархайунцæ, алцæбæлдæр лæмбунæг рагъуди кæнунцæ. Нæуæг анзи агъоммæ алкедæр фæййархайуй æхебæл ихæс нæ ниууадзунбæл. Е нæ, фал æ хæдзари гъæуама ма байзайуонцæ еске косæнгæрзтæ, æндæр дзаумæуттæ.

Аци бонмæ æ фадуат куд амона, уомæ гæсгæ балхæнуй нæуæг уæледарæс кенæ хæдзари дзаумау. Æ хæдзари уæттæ, тургъæ, уæдта ма сауæнгæ скъæттæ дæр бафснайуй, æхемæ базелуй æма уотемæй цæттæ кæнун райдайуй бæрæгбони æхсæви фингæ æма æндæр мадзæлттæ. Еузагъдæй, Нæуæг анзбæл гъæуама исæмбæла кæдзосæй, æнæлазæй: уодæй, гъуддæгутæй æма бауæрæй дæр. Æ зинтæ, фидбилизтæ æма аййеппитæ зæронд анзи куд байзайуонцæ. Къæндзуй хузæн ма ибæл си ци райзайуй, уони ба басодзуй Нæуæгбони сæуми арти.

Нæ адæм Нæуæгбони æрцудбæл фæццийнæ кæнунцæ зæрдиагæй, æхцæуæнæй. Нæуæгбон нæмæ нæуæгигурдбæл нимад æй, табуйаг æй, æма ибæл кæдзосзæрдæй, зундæй, уæледарæсæй, рæсугъд нифси гъудити хæццæ уомæн æмбæлæн, цæмæй нин хæран тухтæ ма батухæ кæнонцæ, уой туххæй сæ топпадзагъдæй, гупп-гæрахæй зæронд анзи хæццæ сурдтонцæ рагæй нурмæ.

Нæуæг анзи фиццаг сæумæ ку ралæууй, уæд алли бийнонтæ дæр æнгъæлмæ фæккæсунцæ, сæ къæсæрбæл фиццагидæр ка æрбакъахдзæф кæндзæнæй, уомæ. Алкедæр фæффæндуй зæрдæй хуарз адæймаги æрбацуд. Фиццаг æрбацæуæг ба гъæуама раздæр бацудайдæ согфадæнмæ. Уоми сор листитæ æрæмбурд кæнæ, медæмæ сæ бахæссæ æма сæ содзгæ пеци бакалæ, уотæ зæгъгæй: «Знаги фæллойнæ дæр ма ибæл уойбæрцæ бафтуйæд». Нæуæг æрбацæуæг адтæй кадгин иуазæг.

4

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Гъæдгæрони нæуæг цардарæзти дзамани еу бонгин бийнонти фæсевæд нæуæг цардарæзтбæл ниххуæстæнцæ, фæскомцæдесмæ бацудæнцæ æма сæмæ ходуйнаг кастæй, сæ фидæ æ мулк, æ сугъзæринттæ ке римахста, е. Бадеголæ имæ кæнун кодтонцæ, фал имæ сугъзæрийнæ не 'ссирдтонцæ.*

*Уæд фидæмæ гъæуи нæуæг разамунд фæдздзурдта æма имæ сæхе бахадтонцæ:*

*– Дæ цæуæти хатир дин кæнæн æма ди сабурæй корæн, дæ сугъзæринттæ кæми баримахстай, уой нин исгъæр кæнæ.*

*– Цæй сугъзæрийнæ мæмæ ес? Ка уин загъта?! – мæстгунæй дзоруй фидæ.*

*– Ка нин загъта? Дæ фæскомцæдесон фурттæ, æндæр ка?*

*– Æрбакæнетæ сæ.*

*Æрбакодтонцæ сæ. Æрлæудтæнцæ æ рази:*

*– Баба, цæмæн дæ гъæунцæ? Радтæ сæ. Паддзах исмæгур æй... æма, – лигъстæ ин кæнунцæ фурттæ.*

*Фидæ сæмæ лæмбунæг фегъуста, мæ фурттæ æрра иссæнцæ, зæгъгæ, уæдта рамæстгун æй æма фудæнæн уотæ бакодта:*

*– Æз дæр сумахæн рæбунтæ кодтон, æма уæ кæд нæ гъæунцæ, уæд мæн дæр нецæмæн гъæунцæ. Кæд уотæ 'й, уæд сумах ке нæ зонетæ, уæхæнттæ дæр ма мæмæ хецæнæй тугури гъæди буни римæхст ес æма уони дæр рахæссетæ!*

Махбæл, нæ бæсти дзиллæбæл дæр еци лæхъуæнти цау æрцудæй евгъуд æноси 90-аг æнзти. Уæди рæстæги нæмæ «нæуæг цардиуагæ» аразгути хузи, паддзахади еугур гъуддæгутæ сæхердигæй ка фæккодта, еци амменæгæнгути фæливд зæрдæвæрдтитæбæл рауæндгæй син сæ барæ бакодтан, нæ фидтæлтæ нин ци тухгин Советон Цæдес исаразтонцæ, уой хуарздзийнæдтæ æнæгъæнæй дæр. Æма ци? Еци ибилистæ, еугурадæмон мулкитæбæл фæххæлæф кæнгæй, бонгинæй-бонгиндæр царди равгитæ искодтонцæ сæхецæн дæр æма сæ цæуæти цалдæр фæлтæремæн. Мæгур адæм ба æнæ нецæмæй райзадæнцæ, сæ царди хабæрттæн тухамæлттæ кæнунцæ.



**Кирилл КАБАНОВ, коррупций нихмæ Национ комитети сæргълæууæг: «Коррупцийæн æнæгъæнæй искунæг кæнæн нæййес, еунæг бæсти дæр е нæ бантæстæй...»**

Кæд уотæ 'й, æма коррупци бустæги искунæг кæнунæн мадзал нæййес, уæд ма си еци Комитет ба ескæми гъæуй. Куд фæззæгъунцæ, кадæр хæрæг уотид уасунæн дардта?..



**Янæ ЛАНТРАТОВА, Паддзахадон Думи депутат – фæсарæйнæгтæн уруссаг æвзаг ахур кæнуни киунугути медеси туххæй: «Фудгæнгути фæндуй парламентарийтæ исун, психоаналитиктæ-террористтæ, уотемæй ба еудадзуг ниуазунцæ водкæ æма комидзаг кæнунцæ тæккæ æвзаргæдæр хуæруйнæгтæй...»**

Нур аци депутат æ алфамбулай ку ракæститæ кæнидæ, æма абони нæмæ æцæгæй кегъæреуæггæнæг ка 'й, уой фæууингæй си баруагæс уодзæнæй, киунугути медес царди æцæгдзийнадæй ке игуруй, е.



**Маринæ АХМЕДОВА, Уæрæсей адæймаги барти фæдбæл Совети иуонг: «Æнæхæдзарæ ка 'й, уони дæр фæндуй прививкæ искæнун, уомæн æма син е равгæ дæттуй сæхе æхсæнади æнхæстбаргин иуонгтæбæл банимайун...»**

Махмæ ба уотæ кæсуй, цума æхсæнади æнхæстбаргин иуонгтæбæл банимайуни разæй дæр сæ гъæуй хе цæрæнуат...

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# Æ КÆСТÆРИ АМОНДМÆ БА КА НÆ БÆЛЛУЙ!..

***Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн фæдзæхст: «Кадæмæ еунæг над ес – фæллойнæ!..» Æма нæ ниййергутæй ке нæ фæндуй, цæмæй æ кæстæр райса зæрдæмæдзæугæ дæсниадæ, æнтæстгинæй фæллойнæ кæна æма кадгин уа!.. Уомæ гæсгæ ба уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма етæ, æвæдзи, сæ цæуæтæй уæлдай фулдæр фæссагъæс кæнунцæ, циуавæр дæсниадæ равзардзæнæнцæ, уобæл. Æма син уæддæр сæ зæрдæ ци зæгъуй, кæми гъæуама косонцæ сæ цæуæт? Уæхæн фарста уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ, уони дзуæппитæ еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн:***



**Адвокатæй, юристæй – 18%**
**Æхе бизнес – 15%**
**Финансон къабази – 15%**
**Паддзахадон служби – 21%**
**Информацион технологити – 13%**
**Дохтирæй – 24%**
**Инженерæй – 12%**

*Муггагæй сæрустур ун æма æ кадæбæл арфиаг гъуддæгутæй архайун, синхбæстæ æма гъæубæстæ уарзгæй, æма син рæстмæ æгъдау дæтгæй куд цæрæн, уæхæн зундирахаст нæмæ æнæгъæнæ Иристони дæр куд æрфедар уа, æма си нæ цард амондгундæр куд кæна, уæхæн хуарзæй хайгин уæн нæуæг анзи!..*



БЕЖАНТИ Вадими конд хузæ.

# БИЙНОНТИ ТУХГИНДÆР СЕ ’НГОН ЦАРД КÆНУЙ!..

Нæуæгбони æхсæви, нæуæгбæнтти хæццæ баст æгъдæутти хæццæ нæмæ æрбайвулунцæ нæ фидтæлти фарнæ, сæ курухондзийнадæ, сæ цардиуаги хецæндзийнæдтæ.

Бийнонти медæгæ зундирахасти се ’мвæндæдзийнадæ æма еудзийнадæ цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй сæ карни хабæрттæ аразуни гъуддаги, уой туххæй амæй размæ дæр мухур кодтан аллихузон æрмæгутæ, нæ фидтæлтиккон таурæхътæй дæр си испайда кæнианæ, уотемæй (зæгъæн, аци анзи 25-26 номерти). Æма газети абони номери дæр нæ бафæндадтæй еци дзубанди раидарддæр кæнун. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма, еуемæй, Нæуæг анзи бæрæгбон фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæ адæммæ нимад цæуй куд бийнонти еудзийнади бæрæгбон, иннемæй ба нæуæг, 2022 анз Уæрæсей нисангонд æрцудæй куд нæ бæсти адæмихæттити адæмон исфæлдистади æма æнæматериалон културии Анз, уомæ гæсгæ ба бийнонти цардиуаги туххæй нæ абони радзубандий бабæй æрхæсдзинан дæнцитæ нæ адæмон исфæлдистадæй.

## «МÆ УОД МИН БАХУАРДТОНЦÆ СÆ МИНКЪИЙÆЙ АБОНИ УÆНГÆ!..»

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн зундгин загъд: «Бийнонтæ фæйнердæмæ ку хуæцонцæ, уæд сæбæл цардамонд дæр нæ цæфсуй!..» Æма уой фæдбæл нæ адæмон исфæлдистади исерæн берæ цæмæдессаг дæнцитæ – етæ расагъæс кæнунæн дессаги бæзгæ фæрзнитæ ’нцæ. Мæнæ си еу.

Еу гъæубæсти цардæй æма адтæй еу курухон лæг, æ ном Дзæрæхмæт. Берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхтæй æма фæсевæд исфæндæ кодтонцæ цитгингæнæг зар ибæл исаразун. Ку син исцæттæ ’й, уæд сæ бафæндадтæй, цæмæй ин муггаги хестæр исаргъ кодтайдæ. Бацудæнцæ æ тургъæмæ æма уоми низзардтонцæ.

Зæронд лæг сæ размæ рацудæй, райарфæ син кодта:

– Арфæ уин кæнун, æгайтима нин нæ муггагæн уæхæн кадæ искодтайтæ, гъе, фал зар айдагъ Дзæрæхмæтбæл кæнун нæ гъудæй. Уобæл кæмидæр абæргутæ исæмбалдæнцæ, æ бæх ин есунмæ гъавтонцæ, æхе ба ин марун фæндæ искодтонцæ, фал е фæттагъддæр æй æма сæ ниццагъта, фал æхуæдæг дæр знаги нæмугæй фæммард æй, рохсаг уæд... Уæхæн хабæрттæ ма адтæй уой размæ дæр. Фал кæд муггагæй ескæбæл зар кодтайтæ, – дзурдта идарддæр зæронд лæг, – уæд зар мæнбæл кæнун гъудæй, æ авд фуртемæй еу дæр æ коммæ кæмæн нæбал кæсуй...

*Тæрегъæддаг куд нæй еци зæронд лæг, æ цæуæтæй ка фæффудевгед æй. Уæхæн уавæри ка бахауидæ, уонæй гъæубæстæ уотæ зæгъиуонцæ: «Хуцау æй ралгъиста: æ берæ бийнонтæй еунæгæй байзадæй...»*



*Уотæ ци нийййергути хабар рауайуй, уомæй, ка ’й зонуй, етæ сæхуæдтæ дæр фудгин фæуунцæ: сæ цæуæти, куд гъудæй, уотæ нæ гъомбæл кодтонцæ, сæ уодиконди æма сæри зунди син нæ ниффедар кодтонцæ хе даруни æгъдау æма фæткитæ, лæдæрундзийнадæ, бийнонти æма æхсæнади ’хсæн æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæстæй сæ исуаргъгин кодтонцæ. Мæнæ уин ци зæронд лæги хабар ракæнуйнаг ан, уой хузæн.*

Асæбе æ цæуæти фудуаг æма æнæсæрфат миутæй истухстæй, кæуни уæнгæ ’й æркодтонцæ æма гъарæнги хузи æ синхагæн дзоруй:

– Мæ уод мин бахуардтонцæ сæ минкъийæй абони уæнгæ. Мæхе сабийдоги мæгурдзийнæдтæ гъуди кæнгæй, архайдтон, мадта син е дæр уа, мацæмæй фæццох уонцæ, зæгъгæ. Мæхе феронх дæн – алцидæр уонæн. Æма, уæлæ Æхсарони цæуæти хузæн ахур æма размæ цæунбæл ку ниххуæстайуонцæ, уæд фæсмонгонд бæргæ нæ уайнæ.

– Асæбе, Æхсарон сæ седзæртæй, æнæ фидæй фæгъгъомбæл кодта. Седзæр цæуæт ба царди уæзæ раги бавзарунцæ.

– Гъо, æма нур мæхе рамарон? – еци гъæрзгæй нийнæфтæй Асæбе!

***

*Дæ зæнæг дин сæринез цæмæй ма уонцæ, уой туххæй ба сæ сабийи карæй ахур кæнун гъæуй хуæрзæгъдаубæл. Ку рабайлæгъ уонцæ, уæдта, нæбæззуйнагæй сæмæ ци рагъæр уй, уомæй ма сæ фендæрхузæн кæндзæнæ? Магъа-магъа, ести ма си рауайа? Уомæ гæсгæ ба дæ сувæллони раст гъомбæладæбæл рагацау байархайæ, мæнæ уин ци лæги хабар ракæнуйнаг ан, уой хузæн.*

Еу уосæ, дан, æ сувæллони нæмуй, хуайуй æй, уæд æй æ синхаг фæрсуй:

– Уанæбæрæг ци фудмиуæ ракодта, фурнадæй æй цæмæн марис?

– Тукан мæ ’й æрветун æма цæмæй е ’хца ма фесафа...

– Нурма е ’хца æхемæ ку ’нцæ, уæд æй цæмæн уотæ нæмис?

– Æма сæ ку фесафа, уæд ма æ нæмун ци пайда ’й? – дзуапп равардта силгоймаг.

***

*Еци уоси хузæн идæрдтæмæ кæсун гъæуй, рагацау архайун гъæуй, цæмæй дæ цæуæт дин зæрдæнцойнæ хæссæг исуонцæ. Цæмæй си ма рауайа, мæнæ уин идарддæр ци фуртти кой ракæнуйнаг ан, уони хузæнттæ.*

Еу мæгур косæг лæгæн адтæй авд фурти. Сæ еуæй – иннæ æнæнездæр, иуонггиндæр, фал – æмхузонæй дæр зийнадæгæнгутæ. Зæнхæбæл сæмæ хуссунæй æхцæуæндæр неци кастæй, сæ еу дæр афойнадæбæл некæд фестадæй, сæумон хорискаст некæд фæууидтонцæ. Фидæ сæмæ бæргæ мæстгун кодта æма ма син ци хуасæ исараза, уой нæ зудта. Берæ сагъæсти фæсте сæмæ еу сæумæ сæ хуссæнтæмæ дзоруй:

– Биццеутæ! Дессаги хабар!.. Дæлæ Зæрæмæги къахирти сæумæцъинккæй еу лæг æрбацæйуадæй æма туман иссирдта. Фестетæ еу сæумæ сумах дæр раздæр!..

Фурттæ фиди дзубандимæ сæ хуссæни змæлгæ дæр нæ бакодтонцæ. Сæ еу хуссунгъæуагæй æ ком райвазта æма æнæбари дзоруй:

– Цæмæ нæ истун кæнис, нæ фидæ?! Еци туман кæмæй рахаудтæй, е никки раздæр фестадæй...

***

*Æносæй-æносмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæ адæммæ алкæддæр карз æма федар æвæрд адтæй æнæфæккеугæ æгъдау: хестæри загъдбæл дууæ зæгъæн нæ адтæй. Хестæр дзоруй – ма ’й бахъор кæнæ, мацæмæй æй бафæрсæ, цалинмæ дзурд фæууа, уæдмæ. Мадта имæ фæстæмæ дзорæн дæр нæ адтæй. Адæймаг гъæуама адтайдæ федар иуонгтæ æма æнæ азун уоди хецау.*

*Еци æгъдау цæйбæрцæбæл ахсгиаг адтæй нæ фидтæлтæн, уомæн æвдесæн æнцæ, уонæй нæмæ ка æрбахъæрдтæй, еци хабæрттæ. Сауæнгæ ма цæрæгойти цардиуаги туххæй таурæхъти дæр, цæмæй етæ дæр адтайуонцæ зундамонæг.*

## БИЙНОНТИ ÆХСÆН ÆГЪДАУ ÆНÆМÆНГÆ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУА!..

Фусти дзогæ гъæдрæбун хизтæй. Дзогæй дууæ уæрикки радзæгъæл æнцæ æма хебарæй хизтæнцæ. Зæронд фус сæмæ дзоруй:

– Фудуаг ма кæнетæ, уæрикките! Дзогæй идард ма цотæ, кенæдта уæмæ ести фидбилиз æнгъæлмæ кæсуй.

Нур сæмæ берæгъ дæр къотæри рæбунæй æ цæстæ даруй æма сæмæ æ налат цъухæй дзоруй:

– Еци зæрондмæ ма игъосетæ, е уæмæ хицæ кæнуй. Æхуæдæг базæронд æй æма уæ уой туххæй нæ уадзуй хецæнæй хезун. Ма имæ игъосетæ. Уæ фæндон будурти ратæхæ-батæхæ кæнетæ!

Нæбал байгъустонцæ уæрикките зæронд фусмæ æма хезгæ-хезгæй раидард æнцæ дзогæй. Берæгъ сæмæ рагæпп ласта къотæри рæбунæй æма сæ райахæста.

***

*Бийнонти ’хсæн гъæуама алцидæр бæрæг уа æма æнæ уæлдай радзорæ-*



*бадзорæй æнхæстгонд цæуа. Еузагъдæй, алкедæр æ бунат зона, æ ихæстæ лæдæра æма сæ æнхæст кæна. Уотæ ку нæ уа, уæдта сæбæл æрцæудзæнæй, мæнæ цæй туххæй радзоруйнаг ан, еци бæлах.*

Хелæги сæр æма æ къæдзелæ хилæ кодтонцæ, разæй си ка гъæуама цæуа, зæгъгæ. Сæр загъта къæдзелæн:

– Ду разæй цæун нæ бафæраздзæнæ, уомæн æма дæбæл нæдæр цæститæ нæййес, нæдæр ба гъостæ.

Къæдзелæ загъта:

– Кæд мæбæл цæститæ æма гъостæ нæййес, уæддæр мæмæ ес хъаурæ, æма цæудзæнæн. Ду ба æнæ мæнæй еу къахдзæф ракæнун дæр нæ бафæраздзæнæ.

Сæ дзурд кæрæдзебæл нæбал бадтæй, æма рахецæн æнцæ. Къæдзелæ сæрæй ку фæххецæн æй, уæд ма еудзæвгарæ рауадæй, уæдта зæнхи скъудмæ бафтудæй æма уоми ниххаудтæй.



***

*Нæ фидтæлтæмæ бийнонти ‘хсæн ци гъомбæладон æгъдæуттæ адтæй, уонæй беретæ абони дæр æнцæ ахсгиаг. Етæ ‘нцæ, мах адæми зундирахасти фæткитæмæ гæсгæ адæймагмæ ци менеугутæ гъæуама уа, уæхæнттæ. Зæгъæн, хестæрæн æ загъдмæ игъосун, æ фæдзæхститæ ин æнхæст кæнун, кадæ кæнун, хуæдæфсармæ ун, кустуарзондзийнадæй æскъуæлхун æма æндæртæ. Хуарз уидæ, еци рæсугъд æгъдæуттæ федарæй-федардæр ку кæниуонцæ, уæд.*

*Бийнонти цардарæзт ка бахъор кæна, уæхæн тæссагдзийнæдтæ берæ ‘нцæ. Уонæй еу – мулк син æгæр унаффæгæнæг ку исуй. Дзубанди дæр ибæл нæййес, мулк дæр гъæуй – фал бæрцæй, гъæуама æ цагъайраг ма исуай. Æма уотæ ку рауайа, уæд бийнонти карнæ додойаг исуй.*

Цардæнцæ æма адтæнцæ дууæ синхаги. Сæ еу бонгин – фонсæй сæудегергæнæг, иннæ мæгур – зæнхкосæг. Гъæздуги хæдзарæ адтæй æддæгуæлæ, мæгурæн ба – минкъий къæс. Агъазиау тургъæ еудадзуг адтæй мæтъæл, игъæлдзæг адæймаги унæр си некæд райгъустæй. Мæгури тургъæй ба игъустæй царди гъæр. Бийнонтæ æдзохдæр цидæртæ архайдтонцæ, хæдзари зилдтитæ кодтонцæ, цудæй сæмæ иуазгутæ, хæстæгутæ, æма сæ игъæлдзæгдзийнади хæлхъой сæ синхонтæмæ дæр игъустæй.

Бонгини уосæ сæмæ сæ уæлдзарæй, æхе къæлæтгинбæл рауадзгæй, уæллæй бунмæ ахид кастæй, æма сæ игъæлдзæгдзийнадæй æ зæрдæ рохс адтæй, хицæ сæмæ кодта. Гъудити ранигъулидæ, мах гъæздуг ку ан, алцæмæй – æнхæст, уотемæй – æрхун, сагъæсхуз, царди адæ ку не ‘нкъарæн; етæ фургуст ку ‘нцæ, марамæлай къæбæрæй ку цæрунцæ, уæд сæмæ еци цæруни нифс æма разæнгарддзийнадæ кæцæй цæуй? Еууæхæни еци фарста равардта æ лæгмæ, æма ин е уотæ зæгъуй:

– Етæ игъæлдзæг уомæн æнцæ æма мæгур æнцæ. Мулки уæзæ æнцон хæссæн нæй. Фæндуй дæ, æма син æз сæ игъæлдзæгдзийнадæ фæссорон?

– Куд? Лæгъуздзийнадæ син маци бакæнæ! – фæттарстæй уосæ.

– Нæ. Анзи æмгъудмæ син инсæй сугъзæрийнæ соми æфстау ратдзæнæн, уæхецæн си ести фæппайда кæнетæ, зæгъгæ, æндæр неци.

Лæг куд загъта, уотæ бакодта. Æма уайтæкки мæгур лæги тургъæ æнкъард кæнун райдæдта. Бийнонти катай æма сагъæс иссæнцæ еци инсæй сугъзæрийнæ соми. Еуæй си куд фæппайда кæнонцæ, уобæл гъуди кодтонцæ, иннемæй ба син радавунæй тарстæнцæ æма мæти бацудæнцæ…

***

*Аци хабар уобæл дзорæг æй, æма дæ цард зæрдæмæдзæугæй аразунæн дæ мулкæй цæйбæрцæ гъæуй, уомæй фулдæрмæ ку бæллай, уæд уомæй уæлдай амондгундæр нæ исуодзæнæ. Уомæ гæсгæ ба расагъæс кæнуни аккаг æй, мæнæ уин ци таурæхъ ракæнуйнаг ан, е дæр.*

Фидæ æма фурттæ фæббуцæу æнцæ сæ мулкбæл. Фурттæ фæстауæрцæ нецæбæл кодтонцæ, зæронд фидæ син уой нæ хатир кодта, сæ цæстæмæ син æй дардта. Дзурдта син:

– Ци нæмæ ес, етæ еугурæй дæр сумах æнцæ, æз си мæрдтæмæ мæ хæццæ неци фæххæсдзæнæн, æма сæбæл ауæрдетæ! Фæстауæрцæ кæнун зонетæ! Абони уæ ци гъæуй, е уæ исон дæр гъæудзæнæй.

Фурттæ имæ нæ игъустонцæ, æма фидæ æрсæйгæ ‘й. Æ уод есгæй æ синхæгтæн ниффæдзахста:

– Кири мæ ку исæвæрайтæ, уæд мин мæ къохтæ мæ реубæл ма исæвæретæ, фал сæ радаргъ кæнетæ, мæ армитъæпæнтæ игон куд уонцæ, уотæ.

Рацох æй лæг, æма ин æ синхæгтæ æ фæндон исæнхæст кодтонцæ. Æрцæуæг хеуæнттæмæ, мард кири куд æвæрд адтæй, е раст нæ фæккастæй, æма синхи хестæртæн сæ феппайуйнаг загътонцæ. Æма син етæ ба загътонцæ:

– Æ къохтæ уотæ æвæрд æнцæ æ уосиатмæ гæсгæ.

– Уотемæй æй уадзетæ, уотемæй, – дзоруй сæмæ хестæр фурт дæр, – ревæд армитъæпæнтæ е махмæ æвдесуй, гъома, мæрдтæмæ мæ хæццæ мулкитæй æгириддæр неци хæссун... Цардбæл нæ ахур кæнуй, цардбæл...

## «БИЙНОНТÆ ДÆР – КИНДЗИ ЦÆРА, КИНДЗÆ ÆХУÆДÆГ ДÆР – ÆХЕ ЦÆРА...»

*Еугæр нæ дзубанди рацудæй бийнонти цард амондгунæй аразуни гъуддаги силгоймаги ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау æй, уæд, æвæдзи, зæгъун гъæуй æндæр бийнонтæй сæмæ ка æрбакъахдзæф кæнуй, уони туххæй дæр, гъома, киндзити туххæй дæр. Уой фæдбæл дæр æримисдзинан еуцалдæр таурæхъи.*

Еу нæуæг киндзæ косуни æгъдауæй æ къох дони дæр некæд ратулдта: хæдзарæ не ’фсайдта, хуæруйнаг дæр нæ кодта, сæумæй афойнадæбæл некæд исистадæй. Уæд хæдзари хестæртæ – зæронд лæг æма зæронд уосæ – исфæндæ кодтонцæ сæ киндзи бавзарун. Еубон тургъи гъæрæй хилæ кæнунцæ. Сæ хъæлхъоймæ нæуæг киндзæ къæразгæй ракастæй æма сæ фæрсуй:

– Цæбæл гъæр кæнетæ, ци ‘рцудæй?

– Мæнæ нæ федауæн, нæ еу дæр «дон æз исдавдзæнæн», нæ иннæ дæр «нæ, æз æй исдавдзæнæн», зæгъуй.

– Гъома, уобæл хилæ кæнун цæмæн гъæуй: раздæр уи æй уæ еу исдавæд, уæдта уе ’ннæ, – загъта син киндзæ.

***

…Еу хæдзарæмæ фæд-фæди æрцудæнцæ дууæ киндзи. Цанæбæрæг рæстæг си рацардæнцæ, уотемæй си еу гъаст кæнуй иннемæн:

– Айæ циуавæр хæдзарæ ‘й, циуавæр? Адæймаг си æхе сор хесæрфæнæй нæ ниссæрфдзæнæй.

– Сæумæй раздæр исистисæ æма сор хесæрфæнæй дæхе сæрфай, – адтæй инней дзуапп.

*Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Бийнонтæ дæр киндзи цæра, киндзæ æхуæдæг дæр – æхе цæра…» Уæхæн киндзæ, æ зундирахаст хуæздæрмæ раййевунмæ ку нæ исарæхса, уæд æхецæн дæр æма бийнонтæн дæр сæринез исуодзæнæй. Уой хæццæ ба ма æхебæл ку ‘нвæрса æма æхе раст ку æнгъæла…*

*Æма уæхæн фæтки фудæй ба –*





*цитæ æрцæуй, уомæн ба æвдесæн мæнæ аци таурæхъ.*

Цæветтонгæ, уæди уæнгæ еумæ ка цардæй, еци æнсувæртæй дууæ сæ еумæйаг цæрæн бунатмæ æрбахудтонцæ иуазгути сæ хестæр æнсувæри рахецæн кæнуни туххæй.

Иуаргутæ ку рабадтæнцæ, уæд хестæр æ кæстæр æнсувæрти фæрсуй:

– Гъæйдæ, зæгъетæ мин: цæй туххæй мæ иуаретæ?

Етæ имæ дзорунцæ:

– Мах дæуæй нæ байуарианæ, фал нæ дæ уосæ æнæгъæнæ бийнонтæй бахуардта.

Е сæмæ дзоруй:

– Хуцау уин ма уа, æма кæд сумах æнæгъæнæ бийнонтæй бахуардта, уæд мæн еунæгæй нæ бахуæрдзæнæй?

***

*Нæ абони радзубандий кæронбæттæни ба ма уин ракæнуйнаг ан мæнæ ауæхæн таурæхъ дæр.*

Цардæнцæ еу бийнонтæ, адтæй сæмæ зæронд дæр, фал сæмæ æгъдау ба нæ адтæй.

Еу æхсæвæ мет рауардта. Сæумæй зæронд лæг исистадæй æма кæсуй: нæуæгуард метбæл фæдтæ.

– А ба цæй фæд æй, мæнæй уæлдай ку некема исистадæй?

Рандæ ‘й фæдбæл æма гъæдæмæ иссудæй. Лæг деси бацудæй:

– А ци хабар æй!

Уæд имæ къотæри фæстейæй кадæр радзурдта:

– Е мæн фæд æй, уæ хæдзари амонд дæн æма, уæ ци гъæуй, ци корис, уой мин зæгъæ.

Зæронд лæг уотæ:

– Æз нæхемæ рафæрсон.

Сæхемæ фæрсæг фендæ ‘й æма фæрсуй бийнонти:

– Нæ амонд нæ фæрсуй, ци уæ гъæуй, зæгъгæ, æма ци ракорон? Биццеутæ загътонцæ: «Хуар, зæнхæ».

Уæд кæстæр киндзæ дуарæй æрбакастæй æма загъта:

– Æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг бацийнæ кодта:

– Гъе, е хуарз загъта: æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг раздахтæй гъæдæмæ, сæ амондмæ, æма уæдæй фæстæмæ дзæбæхæй цардæнцæ.

***

***Æма уин Нæуæг анзи хуæдразмæ зæрдиагæй арфæ кæнæн: «Уæ бийнонтæ амондæй хайгин уæнтæ, уæ кæстæртæ зæрдрохс уæнтæ, сæ карни сæ зæрдтагон хабæрттæ, сæ бæлдитæ исæнхæст уæнтæ, амондхæссæг син исуогæй, уотемæй!..»***

*Уæ Сугъдæг Мади-Майрæн, лæгмæцуд силгоймæгтæ дæ евгед æнцæ æма сæбæл дæ хуарзæнхæ итаугæ!.. Гъæуай сæ кæнæ!.. Дæ лæваргонд кæстæрти нимæдзæ нæ адæммæ фулдæрæй-фулдæр куд кæна!.. Дзæбæхæй, сæ нийиергути фæндæуагæй куд ирæзонцæ, царди хуарздзийнæдтæй рæвдуд куд уонцæ, еци арфæ ракæнæ!..*



# АДÆЙМАГ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСУНÆЙ НÆ УÆГÆ КÆНУЙ!..

УÆХÆН загъд ахид фегъосæн ес Дигоргоми гъæути цæргутæй, сæ цардиуаги уавæртæбæл дзоргæй. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма хуæнхбæсти туризми райрæзтæн гъæугæ мадзæлттæ аразуни фæдбæл дзубандитæ æгæр ку райеудагъ унцæ хецаудзийнади 'рдигæй, уотемæй ба, ами еудадзуг цæрæг адæмæн аккаг фадуæттæ аразун ке гъæуй, е си цæмæдæр гæсгæ ке феронх уй.

Гъо, арази 'нцæ, хуæнхбæстæгтæ, туристон къабази райрæзтбæл архайун гъæуй – уой фæрци хуæнхбæсти цард фæццардгъондæр уодзæнæй, кусти бунæттæ дæр си фæззиндзæнæй, æндæр гъæугæ гъуддæгутæ арæзт цæудзæнæй. Фал си нур еудадзугон ка цæруй, уони абони гъæунцæ нуриккон уавæртæ æма равгитæ.

Дигоргоми туххæй дзоргæй хъæбæр сæрустурæй фæззæгъæн, кæцæйдæр æндæр рауæнтæй æрбацæугутæн цæйбæрцæбæл зæрдæхцæуæн æй уоми æрдзон цæмæдессагдзийнæдтæй, нæ адæми æгъдæутти хуæдбундордзийнадæй, уæлдайдæр ба нæ зæрдхæлардзийнадæ æма иуазæггадæй боз уогæй. Æма сæ ардæмæ никкидæр ма рабалци кæнун ке фæффæндуй, е лæдæрд æй. Лæдæрд æй е дæр, æма нæ иуазгути тæккæ хуæздæр хузи исбоц кæнуни туххæй фæстаг рæстæгути берæ аллихузон гъæугæ мадзæлттæ арæзт ке цæуй, е дæр – дзубанди дæр ибæл нæййес, туризм агъазиау пайда ка хæссуй, уæхæн къабазæ 'й.

Фал, æвæдзи, уомæй фулдæр ба архайун гъæуй, хуæнхбæстæ æ фидиуæзæг кæмæн æй æма ами еудадзуг ка цæруй, уони цардиуаги уавæртæ хузæнондæр кæнунбæл дæр.

Еци хабæрттæмæ советон доги уæддæр еуцæйбæрцæдæр фагæ æргом æздæхт цудæй. Фал Советон Цæдеси фехæлди фæсте уонæмæ æргом æгириддæр æздæхт нæбал цудæй. Нæуæг хецауеуæггæнгути ма Дигоргом кæд естæмæн гъудæй, уæд айдагъдæр уоми зæнхитæбæл фæххæлæф кæнунæн. Гъе уотемæй ами гъæутæ æдзæрæг кæнун байдæдтонцæ. Æ фидиуæзæг ами кæмæн æй, уотемæй ардигæй, царди хуæздæр уавæртæмæ бæлгæй, æндæр рауæнтæмæ ка фæллигъдæй, уонæй кадæртæ фæстæмæ æрбаздæхунмæ дæр, ка 'й зонуй, багъавдзæнæнцæ. Мæнæ зундгонд поэт Колити Витали е 'мдзæвгитæй еуеми куд финста, уотæ, æвæдзи, æрхун кæнунцæ:

*Ах, ци 'нцæ галауантæ дæ цори,*
*Мæ ниллæг, сахъарафарс къæсæр,*
*Нæ гъæуй, нæ, фæлтау, неци дзорун,*
*Кæун мæмæ цæуй æрмæстдæр.*
*Цæргæсæн арвмæ стахт æй гæзæмæ,*
*Нæ цæруй æнæ зæнхæ цæргæс.*
*Æз дæумæ æрæздæхдзæн фæстæмæ,*
*Æз дæумæ æрæздæхдзæн, мæ къæс.*

Фæстæмæ хуæнхбæстæмæ æрбаздæхун æнгъезуй, фал си еудадзуг цæрунæн ба уавæртæ гъæуй. Уой фæдбæл минкъий дзурд нæ цæуй аллихузон æмбурдти æма æндæр уæхæн мадзæлтти рæстæг. Фал уæддæр нæхъæртондзийнæдтæн æнхæстæй кæронгонд нæма 'рцудæй. Еци æнæмæнгæ исаразуйнаг фарстатæй цалдæрей туххæй августи газет «Северная Осетия»-йи финста Задæлески бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг Хадати Алинæ. Цæмæй нæ абони дзубанди бæлвурддæр уа, уомæ гæсгæ 'й мах дæр мухур кæнæн æнæгъæнæй.

## «МАХ РÆСТÆГМÆ БÆЛЦЦÆНТТÆ НÆ АН, МАХ БУНÆТТОН ЦÆРГУТÆ АН!..»

Дигоргом æй Кавкази тæккæ уиндгундæр бунат. Æрдзон рæсугъддзийнæдтæ æма историон циртдзæвæнтæн си банимайæн дæр нæййес. Берети гъудимæ гæсгæ, уæлдай цæмæдессагдæрбæл ба нимад цæуй, Задæлескæй уæлдай ма цалдæр гъæуи – Мæцутæ, Нар, Лезгор, Донифарс, Къумбултæ æма Хæнæз.

Хуæнхбæстæмæ ка æрбафтуйуй, уомæй цæргæ-цæрæнбæнттæмæ дæр нæбал феронх унцæ уой рæсугъддзийнадæ, ами цæмæдессаг рауæнтæ. Еузагъдæй, ами æнгъезуй зæрдифæндон уодæнцойнæ иссерун. Фал, цалдæр боней номæн æрбацæун æма бауолæфун, рæсугъддзийнæдтæмæ кæсун – е еу гъуддаг, иннæ гъуддаг ба – хуæнхбæсти еудадзуг цæрун. Ами цардæн ба ес, иннæ рауæнти хæццæ рабаргæй, зингæ хецæндзийнæдтæ, зинвадуат фæззелæнтæ æма уомæ гæсгæ ба бунæттон цæргутæй беретæ сæ цæрæнбунат райййевунцæ нæ республики будури гъæутæ кенæ ба сæйраг сахармæ.

Хуæнхбæсти цардиуаги фадуæтти туххæй дзоргæй фиццагидæр зæгъун гъæуй уой, æма, куд еугур Уæрæсей, уотæ мах республики фæстаг æнзти æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази ци æнæлæдæрд æййивддзийнæдтæ 'рцудæй, етæ лæгъузæрдæмæ фæззиндтæнцæ хуæнхаг гъæути цæрæг адæмбæл, уомæн æма син фадуат нæбал ес медицинон агъаз афойнадæбæл æма æнхæстæй райсунæн. Мæнмæ гæсгæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæмæ æййивддзийнæдтæ бахæссуни размæ бал гъудæй лæмбунæг æркæсун, ци хузи æма ци мадзалæй уодзæнæй хуæнхаг идарддзæф, æнæфадуатгин гъæути цæргутæн гъæугæ медицинон агъаз дæттун афойнадæбæл.

Раст нæ адтæй е дæр, æма нæмæ æхгæд ке 'рцудæй пости хайадæ, гъома, дан, экономикон æгъдауæй си зæранæй уæлдай неци пайда ес.

Айдагъ мах зилди нæ, фал æнæгъæнæ коми цæргутæ дæр сæ зæрдæ дарунцæ, кæдимайди ба Мæцути гъæуи фæззиннидæ артаг хуæдтолгити кæнуни станцæ. Мæцути уомæ гæсгæ, æма аци гъæу лæууй дууæ комемæ бацæуæни æма æнцондæр уодзæнæй аллирдигæй цæуæг еугур шофертæн дæр. Нуртæккæ ба, зæгъæн, цæмæй «Тагъд агъази» хуæдтолги бензин никкæнай, уой туххæй цæун багъæуй кумæдæр идардмæ.

Раст уидæ е дæр, æма Мæцути ку райгон кæниуонцæ зингисервæзтитæй багъæуай кæнуни хайадæ дæр. Æрæги, мах æрдигæй исцæфстæй цæргутæй еуей хæдзарæ. Хуарз æма гъæуи цæргутæ цурд февналдтонцæ, уæдта Чикола æма Дигорай зингхуссунгæнгути сæрмагонд экипажтæ дæр тагъд фæззиндтæнцæ æма зингисервæзт хустгонд æрцудæй. Гъулæггагæн, хæдзарæ еугур сугъд бакодта, фал Хуцау хуарз, æма синхæгти хæдзæрттæмæ ба зинг нæ бахъæрдтæй, неци зæран син æрхаста.

Ами, бунæттон цæргутæ хъæбæр æнгъæлмæ кæсæн, нæ хæдзæрттæмæ æрдзон газ кæд байдайдзæнæй хъæртун æма си пайда кæнуни равгæ фæззиндзæнæй. Нæ зæрдæ дарæн, кæдимайди цубур рæстæгмæ, аци фарста лухгонд æрцæуидæ.

## «ХУÆНХБÆСТИ ЦАРДИУАГИ ГЪÆУГÆ ФАДУÆТТÆ АРАЗУНБÆЛ КУСТ ЦÆУЙ...»

Уæхæн хузи дзуапп Ирæфи райони муниципалон зилди сæргълæууæг Гъуцъунати Хъазбег равардта, Хадати Алинæ æ финстæги ци фарстати кой кæнуй, уони фæдбæл. Æ радзубандий уотæ баханхæ кодта.

– Дигоргом æцæгæйдæр зундгонд æй айдагъ æ цæмæдессаг æрдзæй нæ, фал ма хуæдбундор историйæй дæр. Æма еугур еци фæззелæнтæ хинцгæй, мах гъæуама æнхæстдæрæй не 'ргом раздахæн туристон-рекреацион архайдмæ, кæци устур агъаз æй нæ районы социалон-экономикон райрæзтæн. Нури уæнгæ дæр ами берæ гъæугæ гъуддæгутæ арæзт æрцудæй æма цæуй. Фал, гъулæггагæн, дæсгай æнзти медæгæ ци берæ лухкæнуйнаг фарстатæ æрæмбурд æй, уони еугурей цубур рæстæгмæ исæнхæст кæнунæн фадуат нæййес.

***

Мæцути гъæуи хуæдтолгити артаг кæнуни станцæ цæмæй уа, уой фарстабæл рагæй цæуй дзубанди, еу-дууæ хатти имæ каст дæр бæргæ 'рцудæй, фал... Цæмæй еци гъуддаг арæзт æрцæуа, уой туххæй гъæуй, сæрмагонд оргæнтæй барæ райсунæн дзæвгарæ гæгъæдитæ æрæмбурд кæнун, æ исаразунæн ба ци берæ фæрæзнитæ гъæуй, уони исамал кæнун. Æма районы разамунд цæттæ 'й, Мæцути артаги станцæ, уой фæдбæл еугур домæнтæ æнхæст кæнгæй, исаразуни гъуддаг æхемæ ка райса, еци амалгъонæн фæййагъаз кæнунмæ.





**ХАДАТИ Алинæ (рахесæрдигæй фиццаг) Задæлески цæргути хæццæ дзубанди кæнуй сæ гъæубæсти цардиуаги фарстати фæдбæл.**

***

Дзубанди дæр ибæл нæййес, хъæбæр зин иссæй идарддзæф хуæнхаг гъæути цæргутæн дохтири агъаз райсун. Фал, куст цæуй, цæмæй уавæр фæххуæздæр уа, уобæл. Дзинагъай, Стур Дигори æма Мæхчески фæстаг æнзти арæзт æрцудæй нæуæг фельдшерон-акушерон пункттæ, анзи кæронмæ Мæцути нæуæг амбулатори искосдзæнæй. Ирæфи районни æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади разамунди хæццæ бадзубанди кодтан, цæмæй уæлæнхасæн косгутæ æрвист æрцæуа аци бунæтти медицинон кустуæттæмæ.

***

Æрдзон газ хуæнхбæсти гъæути хæдзæртти фæззиндзæнæй аци анзи кæронмæ. Куд зонæн, уотемæй, æрæги хуæнхти ци дорхæудтитæ ‘рцудæй, уони фудæй гази хæтæлтæ гъигæдард ке баййафтонцæ, уомæ гæсгæ ба газуадзæн куститæ дæр рæстæгмæ фæкъкъулумпи ‘нцæ. Гази хæтæлтæ исрæвдзæ кæнуни туххæй республикон бюджетæй æхцай фæрæзнитæ дехгонд æрцудæй. Етæ рæвдзæгонд ку ‘рцæуонцæ, уæдта фæуууодзæнæй гæнæн газ уадзуни куститæ кæронмæ исæнхæст кæнунæн æма гъеуæд Задæлескæ, Мæцутæ, Æхсæуæ æма Дзинагъай цæргутæн сæ бон исуодзæнæй сæ хæдзæртти æрдзон газæй пайда кæнун.

### ГЪÆУГÆ ГЪУДДАГ ÆНÆ ÆМГЪУДТÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ!..

Нæ рагфидтæлтæй нæмæ æрбахъæрдтæй мæнæ ауæхæн зундгин загъд: «Цард æрцæун куд зонуй, уотæ æ къилдун фездахун дæр зонуй!..» Æцæгæйдæр уотæ ке ‘й, уой сæхебæл бавзурстонцæ Дигоргоми гъæути цæргутæ. Кæд æма син советон доги уæддæр еуцæйбæрцæдæр равгитæ адтæй ами сæ бийнонти карни хабæрттæ аразунæн, уæд Советон Цæдеси фехæлди фæсте ба бустæги æвæгæсæгæй райзадæнцæ. Раст зæгъгæй, «нæуæг цардарæзти» хецауеуæггæнгутæ дæр цидæр программитæ бæргæ рацъаппитæ кæниуонцæ, бæргæ зæрдæмæдзæугæ гъуддæгутæ си фæннисан кæниуонцæ, фал... исæнхæст кæнунмæ ба сæ нæ райевдæлидæ. Æма ами ма цæргæ ка байзадæй, уони цардиуагæ нæхъæртондзийнæдтæй идзагæй-идзагдæр кодта...

Уонæй кæцидæрти, абони Дигоргоми æвæстеуатæй исаразуйнаг гъуддæгути туххæй адтæй æ дзубанди Хадати Алинæн дæр. Райони разамунд æй ке фегъустонцæ æма балæдæрдтæнцæ, е ба бæрæг æй Гъуцъунати Хъазбеги дзуæппитæй. Æма хуæнхбæсти цæрæг адæми сагъæссаг фарстатæ гъæугæ хузи райаразунæй ци зæрдитæ байвардта, етæ æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ.

Нур ба уой зæгъун æнгъезуй, æма, Хадати Алинæ куд радзурдта, уотемæй Дигоргоми хуæдтолгити артаг кæнуни станцæ исаразунæн зæнхи хай дехгонд æрцæудзæнæй. Æма æвæстеуатæй аразгæ ке ‘й, е ба лæдæрд æй – уомæй дæр, æма хуæдтолгити, уой ба медицинон къабази транспорт дæр артаг никкæнуни туххæй нерæнгæ ма Дигоргомæй цæун багъæуй Чиколамæ – уой фудæй ба рæстæг дæр æма артаги кæцидæр хай дзæгъæл цъæхуæлгонд цæунцæ...

Нæкæси, Хадати Алини хæццæ ку дзубанди кодтан, уæд ни ракурдта, цæмæй хъæбæр зæрдиагæй райарфæ кæнæн Мæцути «Тагъд агъази» къабази косæг фельдшертæн: Гæуисти Людæн, Гæбæрати Зинæн, Хъазахти Людæн æма Хæмицати Альбинæн. Æнæгъæнæ Дигоргоми гъæути цæрæг адæмæн æновудæй дохтиреуæг кæнунцæ, адæм си боз æнцæ сæ дæсни æма æвæллайгæ фæллойни туххæй. Мах, редакций косгутæ дæр син арфæ кæнæн, æгайтима сæ уоййасæбæл уæззау куст уотæ рæстуодæй æнхæст кæнунцæ æма син нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй, фиццагидæр, æнæнез уонцæ, иннемæй ба, кæмæн лæггадæ кæнун æй сæ ихæс, еци адæм дæр уонцæ æнæнез, медицинон цæстдард си ке багъудæй, æма кæмæн фæййагъаз кодтонцæ, етæ ба цæмæй макæдбал макæци незæй гъигæдард æрцæуонцæ!..

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма Дигоргоми гъæути цардиуаги райаразуйнаг фарстатæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ нæ цæстæ дардзинан æма нæ газети уой фæдбæл æрмæгутæ мухургонд цæудзæнæй.

Дигоргоми еугур цæргутæн ба зæрдиагæй арфæ кæнæн нæуæганзон бæрæгбони фæдбæл, æма син нæ зæрдæ зæгъуй фарстатæ дæр тæккæ хуæздæр хузи арæзт куд æрцæуонцæ, уой.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.***

# ХУÆНХБÆСТИ КÆСТÆРТÆН ИССÆЙ СÆ РАЗВÆНДАГАМОНÆГ

***Абони Дигоргоми цардиуаги хабæрттæбæл дзоргæй, ма нæ фæндуй еу æхцæуæн цауи кой ракæнун дæр – Мæхчески гъæууон скъолабæл æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи. Нæудæсæймаг æноси 90-аг æнзти райдайæни Мæхчески байгон æй, мæнæ церковно-приходская, зæгъгæ, ке хониуонцæ, уæхæн еукъласон скъола. Е уæд иссæй агъазиау цау айдагъ аци гъæубæсти нæ, фал æнæгъæнæ Дигоргоми дзиллæн дæр.***

***Кæми æрфусун кодта, е адтæй хумæтæги хуæнхаг хæдзарæ, фал æ нисанеуæгмæ гæсгæ ба ’й исхонун æнгъезуй зонундзийнæдти Галауан. Уоми ци куст цудæй, уой ахедундзийнадæ агъазиауæй-агъазиаудæр адтæй – уомæн æма хуæнхаг фæсевæдæн е иссæй сæ рохс исонибонмæ развæндагамонæг, зонундзийнæдтæй фæххайгин унмæ тулавастгæнæг.***

Ардæмæ зонундзийнæдтæ райсунмæ цудæнцæ айдагъ Мæхчески цæргути цæуæт нæ, фал иннæ кæмтти цæрæг сувæллæнттæ дæр. Берæ рæстæг нæ рацудæй, уæдта аци ахургæнæндони гæнæнтæ фæуурухдæр æнцæ – иссæй æхсæзанзон. Цубур рæстæгмæ ахурдзаути нимæдзæ дзæвгарæ фæффулдæр æй, æма уой нимайгæй, æвæрд æрцудæй фарста нæуæг скъолай азгъунст исаразуни туххæй. Æма 1894 анзи райдæдтонцæ арæзтадон куститæ, кæцитæ кæронмæ æнхæстгонд фæцæнцæ 1896 анзи. Коми цæргутæ, еци гъуддаг ке фæрци æнхæстгонд æрцудæй, уонæн скъолай парахат тургъи зæрдиаг арфитæ кодтонцæ. Уони ‘хсæн адтæнцæ: арæзтади хецау Иван Кузнецов, ахургæнæг, зундгонд рохситауæг Гарданти Михал, Мæхчески зилди саугин Лаврентий Церетели, фæстæдæр е иссæй скъолай сæргълæууæг. Фидæ Лаврентий кодта агъазиау рохситауæн куст. Уомæн дæр æнæзæгъæн нæййес, аци коми фиццагидæр е ниссагъта рæзи дзæхæрадонæ, уой хæццæ ба ма скъолай тургъи дæр.

Аци скъолай дæс анземæй фулдæр ахургæнгутæй фæккустонцæ Гарданти Михал, Малити Геуæрги, Кцойти Моисей. Алли рæстæгути си ка ахур кодта, уонæй хъæбæр беретæ иссæнцæ, берæ аллихузон арфиаг гъуддæгутæй агъазиауæй ка фескъуæлхтæй, уæхæн архайгутæ. Зæгъæн, Гетъоти Хаджиумар, зундгонд революционер, æ цард иснивонд кодта фæллойнæгæнæг дзилли амондгун цардиуаги сæрбæлтау. Мæхчески скъолай рауагъдонтæ сæхе æхсаргинæй бавдистонцæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Зæгъæн, инæлар-лейтенант Худæлти Харитон, артиллерий инæлар-лейтенант Гацолати Виктор, Намуси ордени æнхæст кавалер Хъалати Семен, Нигкоти Беза æма Тауитти Геуæрги, кæцити сæ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй сæ тугъдон разамунд бæргæ бавдистонцæ, цæмæй син лæвæрд æрцудайдæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, фал цæмæдæр гæсгæ уобæл нæ исарази 'нцæ уæлдæрбадæг разамунд æма син лæвæрд æрцудæнцæ æндæр хуæрзеугутæ... Аци скъолай рауагъдонтæй нæ дзиллæ сæрустур кæмæй æй, уонæй ма берети æримисун æнгъезуй: ССР Цæдеси æскъуæлхт ахургæнæг, Ленини дууæ ордени хæссæг Темирати Тазрети, номдзуд скульптор, Цæгат Иристон æма Башкирий адæмон хузæгæнæг, Советон Цæдеси паддзахадон премий лауреат Тауасити Сослæнбеги, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Тауитти Михаили, игъустгонд механизатор, Фæллойни Намуси ордени æнхæст кавалер Хадати Ахурбеги, игъустгонд гъогдоцæг, орденхæссæг, Уæрæсей Советон Федеративон Социалистон Республики Сæйраг Совети раздæри депутат Дигойти Тамуси, зундгонд паддзахадон архайæг, нæ республики парламенти цалдæр хатти депутат, Хуæнхон паддзахадон аграрон университети раздæри ректор Темирати Виктори, адæмон ахуради ветерантæ, финсгутæ Мæрзойти Сергейи æма Тауасити Фацбайи æма ма берæ æндæрти, кæцитæ сæ минкъий фидибæсти ном кадгинæй исцитгин кодтонцæ айдагъ Уæрæсей нæ, фал ма сауæнгæ фæсарæнти дæр.

Инсæйæймаг æноси æвдайæймаг æнзти аци скъолай дууæ фæлтæремæй ахур кодта дууæсæдæ ахурдзауемæй фулдæр. Аци бони хæццæ рабаргæй – инсæй хатти фулдæр. Фал си нур кæд уойбæрцæ сабийтæ нæбал ахур кæнуй, уæддæр скъола æ куст кæнуй, æ коллектив æ размæ æвæрд ихæстæбæл æновудæй косуй, хестæртæ син ци гъæздуг æгъдæуттæ æма фæткитæ ниууагътонцæ, уони сæ зæрдæбæл дарунцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ æма сæ æнхæст кæнунцæ, сæ фарнæ син бæркадгиндæр кæнунцæ.

***БЕСОЛТИ Æхсарæ***



**Мæхчески астæуккаг скъолай азгъунст.**

*Нæ Исфæлдесæг, нæ Цитгин Хуцау, нæ райгурæн Иристонбæл алкæд-дæр армдарæг æма ауодæг адтæй æма ‘й. Æма имæ абони дæр ковæн æма си корæн, цæмæй нæ идарддæр дæр æ рæвдудæй хайгин кæна, агъазгæнæг нин уа, цæмæй нæ уодтæ*

# Ирон къæлиндар



## Тъæнджы мæй (январь)

Ног азы бæрæгбон – 1 бон – сабаты
Цыппурс (ирон нымадмæ гæсгæ) – 6 бон – цыппæрæмы
Цыппурс (чырыстон нымадмæ гæсгæ) – 7 бон – майрæмбоны
Ног мæрдтæн æртгæнæнтæ – 8 бон – сабаты
Бынаты бардуаджы æхсæв – 11 бон – дыццæджы изæрæй
Зæронд Ног азы бæрæгбон – 13-14 бонты – цыппæрæмы изæрæй
Бадæнтæ – 16 бон – хуыцаубоны изæрæй
Донæскъæфæнтæ – 19 бон – æртыццæджы
Фацбадæн – 23 бон – хуыцаубоны

## Æртхъирæны мæй (февраль)

Стыр Нафы бæрæгбон – 6 бон – хуыцаубоны
Гыццыл Нафы бæрæгбон – 13 бон – хуыцаубоны
Комахсæн (Гал кусартгæнæн хуыцаубон) – 20 бон – хуыцаубоны
Фыдыкомбæттæны къуыри – 21-27 бонты –

## Тæргæйтты мæй (март)

Урсы къуыри (Цæрвкъахæнтæ) – 28 февралæй – 6 мартъимæ
Стыр комбæттæны бон – 6 бон – хуыцаубоны
Аларды – 7 бон – къуырисæры
Стыр комбæттæны райдайæн – 7 бон – къуырисæры
Тутыртæ – 7; 8; 9 бонты –
Рæстæйы бон – 10 бон – цыппæрæмы
Хор-хоры бон (Рæмон бон) – 15 бон – дыццæджы
Фыццаг лауызгæнæнтæ – 18 бон – майрæмбоны
Рагон Ирон Ногбон – 21 бон – къуырисæры
Дыккаг лауызгæнæнтæ – 25 бон – майрæмбоны

## Хуымгæнæны мæй (апрель)

Къостайы мысæн бон – 1 бон – майрæмбоны
Астæумархо (Кæфхæрæн) – 6 бон – æртыццæджы
Зазхæссæн – 16 бон – сабаты
Урсы дзуары бон – 17 бон – хуыцаубоны
Къутугæнæнтæ – 17 бон – хуыцаубоны
Дзимыры Санива – 24 бон – хуыцаубоны
Горийы дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 24 бон – хуыцаубоны
Арсайы Уастырджийы бон – 24 бон – хуыцаубоны
Куадзæн – 24 бон – хуыцаубоны
Мæрдты куадзæн – 25 бон – къуырисæры
Цæуæггаг – 28 бон – цыппæрæмы
Тхосты Уастырджийы бон – 28 бон – цыппæрæмы
Таранджелоз – 28 бон – цыппæрæмы

## Зæлдæвæрæны мæй (май)

Бæлдæрæн – 1 бон – хуыцаубоны
Аларды – 2 бон – къуырисæры
Фæлвæра – 3 бон – дыццæджы
Касутæ – 8 бон – хуыцаубоны
Ирон æвзаджы бон – 15 бон – хуыцаубоны
Зæрдæвæрæн – 26 бон – цыппæрæмы

## Хурхæтæны мæй (июнь)

Мыкалгабыртæ – 2 бон – цыппæрæмы
Кæрдæгхæссæн – 5 бон – хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Мады-Майрæм – 6 бон – къуырисæры
Амаддзаг (Бæтæхъо) – 6 бон – къуырисæры
Ломисы Уастырджийы бон – 8 бон – æртыццæджы
Реком – 11-18 бонты
Дауджытæ – 12 бон – хуыцаубоны
Цыргъобау – 19 бон – хуыцаубоны
Мызуры зæд – 19 бон – хуыцаубоны
Уацилла – 20 бон – къуырисæры
Дзывгъисы Уастырджийы бон – 21 бон – дыццæджы

## Сусæны мæй (июль)

Хетæджы Уастырджийы бон – 10 бон – хуыцаубоны
Ныхасы Уастырджийы бон – 10 бон – хуыцаубоны
Гæлиаты Авд дзуары бон – 10 бон – хуыцаубоны
Дзири дзуары бон – 10 бон – хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ – 17 бон – хуыцаубоны
Рагъы дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 17 бон – хуыцаубоны
Фæроны дзуары бон – 17 бон – хуыцаубоны
Фыры дзуары бон – 18 бон – къуырисæры
Хохы дзуары бон – 20 бон – æртыццæджы
Хуыцауы дзуар – 24 бон – хуыцаубоны
Бызы Сау барæг – 26 бон – дыццæджы
Дыгуры зæды бон – 30 бон – сабаты
Къобы Уастырджийы бон – 31 бон – хуыцаубоны
Атынæг – 31 бон – хуыцаубоны

## Майрæмы мæй (август)

Таранджелоз (Тырсыгомы) – 1 бон – къуырисæры
Сырх дзуары бон – 1 бон – къуырисæры
Задалесчы Нанайы бон – 6 бон – сабаты
Беслæны Уастырджийы бон – 7 бон – хуыцаубоны
Дурджын Бæрзонд Уастырджийы бон – 14 бон – хуыцаубоны
Рыны бардуаг (Галзилæн) – 21 бон – хуыцаубоны
Зилгæйы Уастырджийы бон – 21 бон – хуыцаубоны
Ног дзуары бон – 22 бон – къуырисæры
Майрæмы куадзæн – 26 бон – майрæмбоны
Майрæмтæ – 28 бон – хуыцаубоны
Ирыхъæуы дзуары бон – 28 бон – хуыцаубоны

## Рухæны мæй (сентябрь)

Беслæн. Номарæн – 1, 2, 3 бонты
Джеры дзуары бон – 4 бон – хуыцаубоны
Æрджынарæджы фæндагсары Уастырджийы бон – 4 бон – хуыцаубоны
Бурсамджелийы дзуары бон – 4 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Алардыйы бон – 5 бон – къуырисæры
Нары дзуары бон – 7 бон – æртыццæджы
Фыдыуанийы (Сосланы куывд) – 11 бон – хуыцаубоны
Сидæны Мыкалгабыры бон – 15 бон – цыппæрæмы
Гуццаты дзуары бæрæгбон – 20 бон – дыццæджы
Мады-Майрæмы бон – 21 бон – æртыццæджы
Зары Уастырджийы бон – 22 бон – цыппæрæмы

## Кæфты мæй (октябрь)

Дзылаты Уастырджийы бон – 2 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Тутыр – 3 бон – къуырисæры
Мигъдау – 9 бон – хуыцаубоны
Ичъына – 9 бон – хуыцаубоны
Дыгуры Уастырджийы бон – 9 бон – хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон – 15 бон – сабаты
Хоры сæры куывдтæ – 30 бон – хуыцаубоны

## Джеоргуыбайы (Чындзæхсæвты) мæй (ноябрь)

Джеоргуыба (Гал кусартгæнæн хуыцаубон) – 20 бон – хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв – 21 бон – къуырисæры изæрæй
Уастырджимæ кувæн къуыри – 21-27 бонты
Дзывгъисы Уастырджийыл фæдзæхсæн бон – 27 бон – хуыцаубоны
Уастырджийыл хи фæдзæхсæн бон – 27 бон – хуыцаубоны
Уастырджийы фæндаграстгæнæн æхсæв – 28 бон – къуырисæры изæрæй
Цыппурсы мæй (декабр)
Никколайы бæрæгбон – 4 бон – хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) – 25 бон – хуыцаубоны
Ногбоны æхсæв – 31 бон – сабаты изæрæй

### ЯНВАРЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 52 | | | | | | 1 | 2 |
| 1 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 2 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 3 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 4 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 5 | 31 | | | | | | |

### ФЕВРАЛЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 7 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 8 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 9 | 28 | | | | | | |

### МАРТ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 10 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 11 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 12 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 13 | 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

### АПРЕЛЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 13 | | | | | 1 | 2 | 3 |
| 14 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 15 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 16 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 17 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

### МАЙ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | | | | | | | 1 |
| 18 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 19 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 20 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 21 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 22 | 30 | 31 | | | | | |

### ИЮНЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 22 | | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 23 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 24 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 25 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

### ИЮЛЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 26 | | | | | 1 | 2 | 3 |
| 27 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 28 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 29 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 30 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### АВГУСТ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 31 | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 32 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 33 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 34 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 35 | 29 | 30 | 31 | | | | |

### СЕНТЯБРЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 35 | | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 36 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 37 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 38 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 39 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

### ОКТЯБРЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 39 | | | | | | 1 | 2 |
| 40 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 41 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 42 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 43 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 44 | 31 | | | | | | |

### НОЯБРЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 44 | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 45 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 46 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 47 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 48 | 28 | 29 | 30 | | | | |

### ДЕКАБРЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 48 | | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 49 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 50 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 51 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 52 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

# Дигорон къæлиндар

**1 января** – Всемирный день мира
**11 января** – Всемирный день «спасибо»
**13 января** – День российской печати
**14 января** – Старый Новый год
**25 января** – Татьянин день (день студента)
**8 февраля** – День российской науки
**9 февраля** – День аэрофлота
**10 февраля** – День дипломатического работника
**14 февраля** – День святого Валентина
**21 февраля** – Международный день родного языка
**23 февраля** – День защитника Отечества
**1 марта** – Всемирный день гражданской обороны
**3 марта** – Всемирный день писателя
**8 марта** – Международный женский день
**21 марта** – Всемирный день поэзии
**22 марта** – Всемирный день водных ресурсов (воды)
**23 марта** – Всемирный день метеорологии
**25 марта** – День работника культуры России
**27 марта** – Международный день театра
**1 апреля** – День смеха
**2 апреля** – Международный день детской книги
**5 апреля** – День геолога
**12 апреля** – Всемирный день авиации и космонавтики
**24 апреля** – Международный день солидарности молодежи
**26 апреля** – День памяти погибших в радиационных авариях и катастрофах
**1 мая** – Праздник весны и труда
**7 мая** – День радио
**8 мая** – Международный день красного креста и красного полумесяца
**9 мая** – День Победы
**15 мая** – Международный день семьи
**27 мая** – Общероссийский день библиотек
**31 мая** – Всемирный день без табака
**1 июня** – Международный день защиты детей
**12 июня** – День России
**21 июня** – День медицинского работника
**22 июня** – День памяти и скорби
**12 июля** – День российской почты
**19 июля** – День металлурга
**2 августа** – День железнодорожника
**9 августа** – День строителя
**22 августа** – День Государственного флага Российской Федерации
**27 августа** – День российского кино
**30 августа** – День шахтера
**1 сентября** – День знаний
**1 октября** – Международный день пожилых людей
**5 октября** – День учителя
**11 октября** – День работников сельского хозяйства и перерабатывающей промышленности
**4 ноября** – День народного единства
**10 ноября** – День полиции
**25 ноября** – День матери
**12 декабря** – День Конституции Российской Федерации

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони | | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| | | райдайæн | кæрон | |
| **ÆНСУРИ МÆЙÆ (январь)** | | | | |
| **...1** | Нæуæг анзи фиццаг бон | Сабатизæри | Сабати | Хæдзæртти |
| **7** | Киристей райгас | Майрæнизæри | Майрæнбони | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| **11-12** | Бундортæ | 2-аг æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| **13** | Басилтæ | 2-аг мæйрæнизæри | Майрæнæхсæви | Хæдзæртти |
| **13-14** | Нæуæг анз (зæронд нимадæй) | 2-аг майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| **14** | Æртхорон (Артæмбæрзæн) | Майрæнизæри | Майрæнбони | Хæдзæртти, Къора, Уорсдони |
| **15-16** | Фонсиуарæн Фæлвæра | 3-аг хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **16-17** | Бадæнтæ | Авдисæризæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **20-21** | Согæвæрæн майрæнæхсæвæ | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| **29...** | Дигори изæд | Фæстаг хуцауæхсæви | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Задæлески |
| **29...** | Зиниатæ (Уацелла) | Фæстаг сабати (сæумæ) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Хæнæзи |
| **29...** | Зиниатæ (Гъæуизæд) | Фæстаг сабати (рæфти) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Дунти |
| | Фацбадæн: | | | |
| **29...** | – Хуцау; Идауæг | Фæстаг сабати (изæрæй) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **30-31** | – Уасгерги | Геуæргибонæхсæви | Геуæргибони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **КОМАХСÆН (февраль)** | | | | |
| **3** | – Цæуæн цуппæрæн | Цуппæрæни (сæумæ) | Цуппæрæни | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **5-6** | – Сæризæд (Сæризæди бæмпæгæвæрæн хуцауæхсæвæ) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **26-28** | Балдæрауз (зумæги кæрони уазал бонтæ) | Сабати | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **КÆРДÆГÆЗМÆЛÆН (март)** | | | | |
| **1-3** | Балдæрауз(зумæг уалдзæгæй æртæ бони æфстау ракурдта) | Геуæргибони | Цуппæрæни | Хæдзæртти |
| **7...** | Комбæттæн (кирист.) | Авдисæри | 23-аг апърели | Хæдзæртти |
| **7-13** | Цæрвкъахæнтæ (уорсæгти къуæре) | Авдисæри | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **8** | Силгоймæгти бæрæгбон | Геуæргибони | Геуæргибони | Хæдзæртти, кустуæтти |
| **ХУМИДАЙÆН (апрель)** | | | | |
| **2** | Ораза | Сабати | 3-аг маййи | Хæдзæртти |
| **4** | Тотуртæ (фустæ зад ку фæуунцæ, уæд) | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, уотæртти |
| **7** | Хумидайæн (фиццаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигори ниллæг æвæрд гъæути |
| **14** | Хумидайæн (дуккаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми бæрзонд æвæрд гъæути |
| **17** | Бæлдæрæн (Арви гъæрæй æрдзæ райгъал уй. Арв æма зæнхæ кæрæдзей бауарзунцæ) | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **23** | Назутæ | Сабатизæри | Сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| **24** | Пасха (Комуадзæн) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти, аргъауæндони |
| **30** | Касутæ (Нæуæг киндзи донмæ рахунд) | Фæстаг сабати | Сабати | Хæдзæртти, дони цори |
| **ХАНСИ МÆЙÆ (май)** | | | | |
| **2** | Алаурди | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **3** | Комуадзæн (пусул.) | Геуæргибони | Геуæргибони | Хæдзæртти |
| **9** | Никкола (Гулуй кувд) | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Лезгори ковæндони |
| **9** | Уæлахези бон | Авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, æхсæнæдти |
| **15** | Устур Хуцауи кувд | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Задæлески ковæндони |
| **15** | Хуцауи дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хъармани ковæндони |
| **26, 28** | Зæлдæвæрæн (зæлдгæрдæн) | Цуппæрæни кенæ сабати | Цуппæрæни кенæ сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| **АМИСТОЛ (ХОРХÆТÆН) (июнь)** | | | | |
| **12** | Кæрдæгхæссæн | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **19** | Багъайти дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| **19** | Уасгерги | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Дзинагъай ковæндони |
| **19** | Хуцаузæнгæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| **25** | Туххуæстæг | Фæстаг сабати | Сабати | Хъалнæгъти (Тъæпæн Дигори гъæути) |
| **25** | Циргъесæн | Фæстаг сабати | Сабати | Донифарс, Къумбултæ, Устур-Дигорæ æма æнд. |

*Дигорæмæ ма бæрæг кæнунцæ къæлиндармæ бахæссунмæ фадуат кæмæн нæййес, уæхæн бæрæгбонтæ дæр:*
- *хуарздзийнади фæдбæл – киндзæхсæвæр, кизгæрвист, бафедауни æгъдау, киндзæ раæргом кæнун, муггаги кувд, игурæн бон, фидбилизæй фæййервæзæгæн кувд, æфсадæй кенæ идард балцийæй исцæуæги кувд, лæгдзийнадæ бавдесæгæн кади æгъдау искæнун æма æндæртæ;*
- *нарти кæндитæ – зиани бон, майрæнизæр, сабатизæр, дууинсæй боней садахъа, афæйгæндæ, циртæвдесæн æма æндæртæ.*

***Къæлиндар исаразта Регионалон рохситауæг æхсæнадон организаци «Геуæрги Малити»-й сæрдар ТАМАТИ Таймураз.***
***Къæлиндарæн абони мухур кæнæн æ фиццаг хай, дуккаг хай ба мухур кæндзинан амистоли мæйи фæстаг номери.***

*Каждый из нас встречать новогодние праздники с надеждой на лучшее. И в жизни действительно есть вещи, способные вершить чудеса. В их числе – вера народа в собственные силы. Человек, ставший хозяином своей судьбы, способен созидать ее достойно.*

# Православные праздники и посты в 2022 году

**СВЕТЛОЕ ХРИСТОВО ВОСКРЕСЕНИЕ (ПАСХА) – 24 АПРЕЛЯ 2019 ГОДА**

*ДВУНАДЕСЯТЫЕ НЕПЕРЕХОДЯЩИЕ ПРАЗДНИКИ*

- **7 января** – Рождество Христово
- **19 января** – Крещение Господне (Богоявление)
- **15 февраля** – Сретение Господне
- **7 апреля** – Благовещение Пресвятой Богородицы
- **19 августа** – Преображение Господне
- **28 августа** – Успение Пресвятой Богородицы
- **21 сентября** – Рождество Пресвятой Богородицы
- **27 сентября** – Воздвижение Креста Господня
- **4 декабря** – Введение во храм Пресвятой Богородицы.

*ДВУНАДЕСЯТЫЕ ПЕРЕХОДЯЩИЕ ПРАЗДНИКИ*

- **17 апреля 2022 г.** – Вход Господень в Иерусалим
- **2 июня 2022 г.** – Вознесение Господне
- **12 июня 2022 г.** – День Святой Троицы. Пятидесятница.

*ВЕЛИКИЕ ПРАЗДНИКИ*

- **14 января** – Обрезание Господне
- **7 июля** – Рождество Иоанна Предтечи
- **12 июля** – Святых апостолов Петра и Павла
- **11 сентября** – Усекновение главы Иоанна Предтечи
- **14 октября** – Покров Пресвятой Богородицы.

*ЦЕРКОВНЫЕ МНОГОДНЕВНЫЕ ПОСТЫ*

- **7 марта – 23 апреля 2022 г.** – Великий пост
- **20 июня – 11 июля 2022 г.** – Петров (Апостольский) пост
- **14-27 августа 2022 г.** – Успенский пост
- **28 ноября 2022 г. – 6 января 2023 г.** – Рождественский пост.

*ЦЕРКОВНЫЕ ОДНОДНЕВНЫЕ ПОСТЫ*

*среда и пятница всего года, за исключением сплошных седмиц и Святок*

- **18 января** – Крещенский сочельник
- **11 сентября** – Усекновение главы Иоанна Предтечи
- **27 сентября** – Воздвижение Креста Господня.

*СПЛОШНЫЕ СЕДМИЦЫ*

- **7-18 января** – Святки
- **14-19 февраля 2022 г.** – Мытаря и фарисея
- **28 февраля – 5 марта 2022 г.** – Сырная (Масленица)
- **25-30 апреля 2022 г.** – Пасхальная (Светлая)
- **13-18 июня 2022 г.** – Троицкая.

*ДНИ ОСОБОГО ПОМИНОВЕНИЯ УСОПШИХ*

- **26 февраля 2022 г.** – Вселенская родительская суббота
- **19, 26 марта и 2 апреля 2022 г.** – Субботы 2, 3, 4-й седмиц Великого поста
- **3 мая 2022 г.** – Радоница
- **9 мая** – Поминовение усопших воинов
- **11 июня 2022 г.** – Суббота Троицкая
- 5 ноября 2022 г. – Суббота Димитриевская.



# Мусульманский календарь на 2022 год

**2 апреля – начало месяца Рамадан (девятого месяца Исламского календаря) и начало поста Рамадан (Ураза).** Рамадан является самым важным и почетным для мусульман. В этот месяц пророку Мухаммеду было ниспослано первое священное послание, которое впоследствии вошло в священную для всех мусульман книгу – Коран. Его начало и конец определяются по мусульманскому Лунному календарю.

Рамадан – месяц обязательного для мусульман поста и один из пяти столпов ислама. Пост во время Рамадана – это время для внутреннего очищения, посвящения Богу и время самоконтроля. Пост длится 30 дней. Рамадан (по-арабски). Этот месяц является самым важным и почетным для мусульман. В течение всего месяца соблюдается строгий пост («ураза»). В этот период правоверные мусульмане в дневное время отказываются от приема пищи, питья, курения и интимной близости. Пост начинается с начала рассвета и заканчивается после захода солнца. Полный отказ от простых человеческих нужд дает возможность мусульманам продемонстрировать силу своей веры.

Помимо внешней чистоты в этот месяц постящиеся старается строже соблюдать чистоту внутреннюю – освобождение от всех мыслей и действий, оскверняющих человека. Мусульмане считают, что соблюдение духовного и телесного поста в месяц Рамадан чрезвычайно позитивно воздействует на их души. В этот месяц мусульмане читают Коран, совершают добрые дела, раздают добровольную и обязательную милостыни.

**2 мая – начало праздника Ид-аль-Фитр.** Отмечается он в честь окончания поста священный месяц Рамадан. Называется он Ид-аль-Фитр или по-турецки Ураза-байрам. Ураза-байрам – один из двух главных дней исламского календаря. Традиция празднования для разговения ведет свое начало со времен пророка Мухаммеда с 624 года. Верующие поздравляют друг друга. Накануне и в день праздника собирается обязательная милостыня. Собранные средства идут в пользу общины (малоимущим, путникам и др.) В день праздника мусульмане совершают праздничную ритуальную молитву, надевают лучшую одежду, готовят традиционные блюда, а после праздничной молитвы накрывают праздничные столы, приглашают в гости соседей, родственников и друзей, совершают ответные гостевые визиты с подарками, радуются и веселятся.

**8 июля (9-й день месяца Зуль-хиджа) – День Арафа – последний день хаджа.** Отмечается примерно через 70 дней после окончания месяца Рамадан. В этот день участники Хаджа посещают гору Арафат возле Мекки и совершают намаз у ее подножия. День Арафа является самым памятным из дней Аллаха.

Согласно мусульманской религии, в этот день вознаграждение или кара мусульманам за благие или греховные поступки увеличивается многократно. Равно как и вес грехов в этот день увеличивается в несколько раз. До заката солнца верующие стоят и замаливают грехи. Пост в день Арафа считается самым важным из тех поступков, которые приближают верующих к Аллаху.

День Арафа отмечается в День посещения участниками Хаджа горы Арафат возле Мекки, где паломники совершают намаз у подножия горы Арафат.

**9 июля (10-й день месяца Зуль-хиджа) – праздник жертвоприношения Курбан-байрам.** Отмечается через 70 дней после праздника Ураза-байрам в память жертвоприношения пророка Ибрахима. Курбан-байрам один из 2 главных дней исламского календаря. Согласно Корану, Архангел Джабраил явился к пророку Ибрахиму во сне и передал ему повеление Аллаха принести в жертву сына.

Ибрахим отправился в долину Мина к тому месту, где ныне стоит Мекка и начал приготовления. Его сын, знавший об этом, не сопротивлялся, так как был послушен отцу и Аллаху. Однако это оказалось испытанием от Аллаха, и, когда жертва была почти принесена, Аллах сделал так, чтобы нож не смог резать, и тогда ангел Джабраил (Архангел Гавриил дал пророку Ибрахиму в качестве замены барана). В день жертвоприношения принято ходить в гости и поздравлять друг друга с праздником. Праздник жертвоприношения Курбан-байрам (или Ид уль-Адха) является частью мусульманского обряда паломничества в Мекку. Отмечается праздник в долине Мина вблизи Мекки в 10-й день, 12-го месяца мусульманского лунного календаря Зульхиджа и длится 3-4 дня.

**8 августа (10-й день месяца Мухаррама) – День Ашура.** День скорби 4 мусульман, поминовения пророков и посланников Аллаха. На этот день, согласно Корану, приходится сотворение Небес, Земли, ангелов, первого человека – Адама. В то же время, это день – день траура. В этот день погиб внук Пророка Мухаммеда – Хусейн. Светопредставление (апокалипсис, конец света) также наступит в день Ашура.

У мусульман суннитов в этот день желателен пост.





# НÆУÆГБОНИ ТЪОРТ – РАДЗУРД



ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат

МÆБЕГÆЙ уотæ зæгъæн нæййес, æма е, мæнæ, еуæйеу æнæгъдау сиæхсти хузæн, æхсæвæй-бонæй ахид æ каййестæмæ къахехсуд бацæй æма син сæ хæдзари къæразгæй ракæсæ-ракæсæ фæккæнуй. Цæуй сæмæ æгъдауи фæдбæл: кенæ – цийни, кенæ ба – æндæр гъуддæгути фæдбæл.

Фæстаг рæстæг æ каййес, æ бийнойнаги мадæ Мисурæт уæззау сæйгæ ‘й, хуссæнæй фулдæр хæттити зинтæй раистуй, æма æй уомæ гæсгæ ахиддæр рабæрæг кæнуй Мæбег. Мадта ци кæна. Сиахсæн уотæ ‘мбæлуй. Хуарз сиахси ба каййестæ сæхе бийнойнагбæл фæннимайунцæ, æма еци кади аккаг унбæл зæрдиагæй архайуй Мæбег.

Мисурæт æхуæдæг куд фæззæгъуй, уотемæй Мæбег æ уарзондæр æма адгиндæр сиахс æй. Хуцау ин ци еунæг цъæхцæстæ кизгæ Зæири балæвар кодта, уой цардæмбал æй. Мисурæтæн æ зæрдæ айдагъдæр анæбæл æнцойнæ кæнуй, уæззау незбæл дæр, æ кæстæрти цийнæбæл цийнæ кæнгæй, уæлахез кæнуй. Ами, сахари, æ хæдзарæ æма, æ рæбуни цидæриддæр дзаумауæй, мулкæй ес, уони еугурæйдæр æ кизгæ æма сиахсбæл бафæдзахста. Арвæй зæнхи астæу æ уод уонæбæл æнцайуй. Ку рамæла, уæддæр æ нигæнун анæмæ кæсуй, æма син неци æвгъау кæнуй, арфиаг æма си зæрдрохс æй алцæмæй дæр.

Мæнæ бабæй иннæ хæттити хузæн Мæбег æма Зæирæ исфæндæ кодтонцæ аци Нæуæг анз дæр Мисурæти хæццæ еумæ исбæрæг кæнун. Мæбег Мисурæтæн балхæдта дессаги рæсугъд деденгути баст æма устур тъорт.

Мисурæт зудта, æ кизгæ æма æ сиахс аци хатт дæр æнæ бабæрæггæнгæ ке нæ фæуудзæнæнцæ, æма ин кæд цийфæнди зин адтæй, уæддæр сабургай раистадæй, хе фæффедар кодта æма ма сауæнгæ къеретæ æма фидгунти къинсæ кæнунбæл дæр исхуæстæй. Нур уартæ устур тæбæгъи æ конд къинсæ хæрдмæ иснæрстæй. Нистъигъта бодæнтæ, æрцæттæ кодта фидгуйнаг, цæттæ ‘й æ цихт дæр æма æнгъæлмæ кæсуй, хори искасти хузæн ин адгин ка ‘нцæ, еци хъæболæмæ æма сиахси ‘рбацудмæ. Уæлдай хъæбæрдæр ба фемисуй æ хъæболи хъæболæ Зæлини. Мисурæтæн е æ уодлæууæн, æ уоди гага ‘й.

Мæнæ байгон æй Мисурæти фæрнуг хæдзари дуар. Медæмæ еугурей разæй æрбауадæй минкъий Зæлинæ æма уайтæккæ февзурдæй æ нанай гъæбеси. Мæбег, Зæирæ Нæуæг анзи арфитæ ракодтонцæ Мисурæтæн æма сæ лæвæрттæ – деденгути баст æма устур тъорт æрæвардтонцæ стъолбæл. Цийнитæн, хъуритæн нæбал адтæй кæрон дæр. Уонæмæ кæсгæй, Мисурæтæй феронх æнцæ æ еугур незтæ дæр, æма æ райдзаст медбилхудт нæбал цох кодта æ цæсгонæй. Иуазгути æрбацудбæл уæлдай хъæбæрдæр ба цийнæ кодта Мисурæти хæдзари даргæ куй Пушок. Асæй къохи асæ дæр нæй, фал иуазгутæмæ цийнæгæнгæй хæрдмæ исгæпп кодта. Пушок никки хъæбæрдæр ба цийнæ кодта æма гъазунæй не 'фсастæй Зæлинки хæццæ.

Зæирæ Мисурæтæн загъта, фидгунтæ æз мæхуæдæг ракæндзæнæн, ду ба бал дæхе диванбæл æруадзæ, æма Зæлинки хæццæ телевизормæ кæсетæ.

Мисурæт дæр дууæ нæбал загъта æ кизги дзурдбæл, не ‘сгъæр кодта, æ сæр ке зелуй, æ астæуистæг æй исрæхуайæ-исрæхуайæ ке кæнуй, уой дæр æма сабургай æхе диванбæл æруагъта. Зæлинкæ æ мадæмæ бауадæй æма ин лигъстæгæнæгау уотæ, мамæ, цалинмæ дæ къеретæ кæнай, уæдмæ бал нанайæн æ тъортæй еу хай раттæн...

– Кæсай, аци налат робасмæ, тъортмæ дæхе мондæгтæ уайунцæ æма ‘й нанай рæуонæ кæнис, нæ?.. – бахудтæй Зæирæ æма тъортæй цалдæр дехи ралух кодта.

Мæбег тъорти еу карст Зæлинæн равардта, иннæ цалдæр хаййи ба бахаста Мисурæтмæ.

Мисурæт тъортæй ку искомидзаг кодта, уæд æ сиахсæн зæрдибун арфитæ фæккодта:

– Устур арфæ уин, устур арфæ... Мæнбæл нур цуппаринсæй анземæй фулдæр цæуй, æма ауæхæн адгин, хуæрзадæ тъорт фиццаг хатт хуæрун... Аци тъорти хузæн адгин цард фæккæнетæ, мæ хъæболтæ...

Тъорт хъæбæр фæццудæй Зæлини зæрдæмæ дæр. Нæуæгæй бабæй си байагурдта дуккаг, æртиккаг хай дæр... Зæлинкæ тъорт куд зæрдиагæй хуардта, уомæ кæсгæй, æвæдзи. Искарз æй Пушок дæр, æма æ тæнæг даргъ æвзагæй æ билтæ растæрæ-растæрæ кодта.

Мæбег фæттæрегъæд кодта куййæн, бафарста Мисурæти, Пушок адгийнаг фæххуæруй, зæгъгæ.

– Пушокæн къанфеттæй, печенитæй æма æндæр адгийнæгтæй фулдæр маци радтæ, хъæбæр берæ сæ уарзуй, – дзуапп равардта силгоймаг.

– Æма тъорт дæр бахуæрдзæнæй?

– Æгæр дæр ма, – бахудтæй Мисурæт.

Мæбег уæд тъортæй еу карст ралух кодта æма ‘й равардта Пушоккæн.

Е дæр æй уайтæккæ еци зудæй рахуардта, æма æ цæстингасæй бæрæг адтæй, никкидæр ма ‘й ке гъæуй, е, æма æ къæдзелæ рателæ-бателæ кодта.

Фал е ба ци ‘й? Тъорти еу карст куддæр рахуардта, уотæ Пушоккæн æ къæхтæ æ буни фæттастæнцæ, нидздзой-дзой кодта, цидæр æнахур нæтун фæййагайдта, æма хъистхъистгæнгæ иннæ уатмæ хуссæни бунмæ балигъдæй. Уордигæй игъустæй æ тухуолæфт...

Мæбег фæттарстæй. Æ цæсгон рафæлорс æй. Тарст цæститæй кæсуй Мисурæтмæ. Æ цъухæй дзурд нæбал хаудтæй. Резæнгæ ибæл бахуæстæй. Алли уæззау гъудитæ æ сæри февзурдæнцæ: æвæдзи, мин, берæ ка фæллæудтæй, уæхæн тъорт рауæйæ кодтонцæ, циуавæрдæр марг имæ бахъæрдтæй, æма нур куй дæр æ уод уомæн есуй... Куй ци фæцæй, уой фæцæй, фал мин Мисурæт æма Зæлинкæ дзæбæхæй ку райервæзиуонцæ...

Еци рæстæг райгъустæй Мисурæти хуфун. Мæбег бустæгидæр таси бацудæй. Зæирæмæ фæгъгъæр кодта æма ин е агувзи дон февардта. Зæронд усæ уæддæр нæ банцадæй æ хуфæгæй...

«Оу, мæнæ ци бæлахи бахаудтæн», – бустæгидæр катаййи бацудæй Мæбег. Æ фуртухстæй ма дзоруй æ бийнойнагмæ: «Зæ... Зæирæ... Тагъддæр фæдздзорæ тагъд агъазмæ!..»

Мисурæт нæ лæдæруй, ци хабар æй, уой, æма æ алливарсмæ кæсуй æнæлæдæргæ цæститæй.

Мæбеги сæри бабæй февзурдæй аллихузон сау гъудитæ: «Фудзæрдæ имæ ка даруй, етæ нур дзордзæнæнцæ, Мæбег, цæмæй æ каййеси бунтæ, æ хæдзарæ ин тагъддæр æхердæмæ фæккæна, уой туххæй Мисурæтæн тъортбæл барæй марг никкодта, æма...»

Еци гъудитæ ин æнцойнæ нæ дæттунцæ, уотемæй Мæбег тарст цæститæй нимдзаст æй Мисурæти фæлорс цæсгонмæ. Æ зæрдæ дзоруй Зæлинкæмæ. Зæирæ дæр мадæй кизги ‘хсæн дууердæмæ рауайæ-байайæ кæнуй.

Уалинмæ минкъий Зæлинкæ цийнæгæнгæй нигъгъæр кодта: «Ура!.. Ура!.. Пушоккæн минкъий къæбистæ фæззиндтæй!..»

Зæирæ дохтиртæмæ нæбал радзурдта. Телефони хæтæл фæстæмæ æ бунати æрæвардта æма медæггаг уатмæ Мæбегмæ бауадæй. Уоми Зæлинки рази фæккомкоммæ 'нцæ æртæ минкъий къæбисемæ. Сæ еу си адтæй боргъос, иннæ уорсгъолæнттæ, æртиккаг ба – бустæги сау. Пушок фурцийнæй æ къæбисти билтæ растæрæ-растæрæ кодта æма æ пухкъæдзелæ дууердæмæ тилдта.

Мæбег æма Зæирæ балæдæрдтæнцæ гъуддаг, дууемæй дæр ниххудтæнцæ æма кæрæдземæн фурцийнæй нихъхъури кодтонцæ. Пушокки хабар радзурдта Мисурæтæн дæр, загътонцæ ин, Зæлинки хæццæ син мæлунæй куд фæттарстæнцæ, æма зæронд усæ дæр сæ хæццæ гъæрæй фæххудтæй.

Зæирæ фурцийнæй арт фестадæй, уайтæккæ къеретæ, фидгунтæ кæнунмæ февналдта. Нæуæг анзи райдайæнмæ рацæттæ кодта бæрæгбони фингæ. Хестæрæн исбадун кодтонцæ Мисурæти, æма куддæр телевизорæй Кремли сахатти куранттæ ниццагътонцæ, уотæ Мæбег фегон кодта шампайнаг авги сæр, сур-сургæнагæ сæнæй байдзаг кодта бийнонтæй алке агувзæ дæр æма сæхе Устур Хуцаубæл бафæдзæхсуни фæсте зæрдиаг æгасцо загътонцæ Нæуæг анзæн. Хецæн седт рауагътонцæ хæдзари ци нæуæг къæбистæ фæззиндтæй, уони туххæй дæр.

*Минкъий кизгæ æ мадæн агъаз кæнуй Нæуæг анзи бæрæгбони фингæ цæттæ кæнунмæ. Кард райста æма къалбас устур хæйттæй лух кæнуй. Æ мадæ ин бауайдзæф кодта:*

*– Кизгæ, тæнæгдæр хæйттæй сæ лух кæнæ!*

*– Æма æз уони мæхецæн лух кæнун.*

***

*– Мæ мадæ, цæхуæн лæвар дæ гъæуй Нæуæг анзмæ?*

*– Тæккæ хуæздæр лæвар – дæ хуарз бæрæггæнæнтæ скъолай!*

*– Байрæги кодтай, мамæ, æз дин духи балхæдтон!*

**«Адæми амондбæл ка архайуй, е адæми фарнæ ерүй!..» Нæ рагфидтæлти аци фæдзæхстмæ гæсгæ æ цардиуагæ ка аразуй, уæхæн адæймæгутæ нæмæ фулдæрæй-фулдæр кæнæнтæ, сæ хъазауатдзийнæдтæй ба нæ дзилли амонд иръæзæд!..**

***Зундгонд ахургонд, филологон наукити кандидат Хæмицати Тамарæ æ рæстæги хъæбæр æновудæй бакуста «Ирон адæмон исфæлдистадæ», зæгъæ, проект исæнхæст кæнунбæл. Æ нисан ба адтæй – нæ номдзуд таурæхъгæнгутæй алке тухххæй дæр æмхузонæй хецæн киунугутæ рауадзун, кæцитими адтайдæ таурæхъгæнæгæн æхе цардвæндаги тухххæй дæр æрмæг æма, ци таурæхътæ кæнидæ, етæ дæр æмбургондæй. Уой фæрци дуйне рохс фæууидта номдзуд таурæхъгæнæг Уæдати Николайи фурт Губадий тухххæй киунугæ дæр (2012 анзи). Уоми ес æ цардвæндаг æма рохсадон кусти тухххæй уац, кæций нифсинста номдзуд ахургонд Дзагурти Губади. Уæдта ма киунугæмæ хаст æрцудæнцæ, Уæдай-фурт æ рæстæги ке кæнидæ, еци таурæхътæ æма æндæр исфæлдистадон æрмæгутæ. Абони уæ зонгæ кæнæн уонæй кæцидæрти хæццæ – мухур сæ кæнæн, киунуги куд æнцæ, уотемæй – сæ стилистикæ дæр æма нифсинсти хузæ нæ рæйиевгæй.***



УÆДАТИ Губади

# Æ НОМ НИН БАЙЗАДÆЙ СÆРУСТУР СИ УНÆН



**ДЗАГУРТИ Губади,** (1888–1979), историон наукити доктор, профессор

АДÆМОН исфæлдистадæ хуарз ка зудта, æновудæй æй ка æмбурд кодта, фал, гъулæггагæн, нæ дзиллæ ке феронх кодтонцæ, уонæй æй Уæдати Губади дæр. Æз 1905 анзæй фæстæмæ æмбурд кодтон адæмон исфæлдистади уадзимистæ иронау æма дигоронау. Агурдтон, хуарз сæ ка зудта, уæхæн адæймæгути. Æма мин 1924 анзи байамудтонцæ, уæди Ирон зилди (Осетинский округ), Лескени гъæуккаг Уæдати Губадий. Еци рæстæги кустон Ирон ахури хайади æма Хуæнхон-педагогон институти æма мин æгириддæр рæстæг нæ адтæй ескумæ цæунæн. Уæдай-фурти исхудтон Лескенæй Дзæуæгигъæумæ. Уæд æз цардтæн Ленини номбæл гъæунгæбæл, 28-аг хæдзари, æхсæзæймаг фатери. Ами мæмæ Губади фæцæй 1924 анзи майи мæйи еу къуæрей бæрцæ. Е мин еци рæстæги ракодта берæ таурæхътæ дигорон адæмон исфæлдистадæй, æз сæ нифсинстон æма сæ уой фæсте бахастон, «Ирон адæмон исфæлдистадæ», зæгъæ, æмбурдгондмæ.

Уæдати Губади мин æхе тухххæй куд радзурдта, уомæ гæсгæ е райгурдæй Дигоргоми, Донифарси гъæуи, мæгур хæдзари, сæ муггаг райдайуй, адæмон исфæлдистади æ кой кæмæн ес, уоци Тæрион Тулабегæй.

Донифарси Уæдати Губади кодта зæнхи куст, дардта фонс. Æригонæй ба ескæмæн косæг дæр уидæ. Фæстагмæ, æ хъаурити фæрци, цæргæ хæдзарæбæл æрцудæй нимад, фал косгутæ ба некæд дардта. (Ахургæнæг Гæмости Ибрагим куд дзурдта, уотемæй Уæдати Губади 1917 анзи размæ адтæй гъæздугбæл нимад, гъосингæнæн завод имæ адтæй æма, дан, имæ косгутæ дæр адтæй – Дз.Г.)

Донифарси зилди (Донифарс, Лезгор, Къумбултæ) нимад лæг адтæй, устур аргъ ин кодтонцæ, куд æнæсайд, адæмуарзон, адæми интерестæ гъæуайгæнæг, адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнæг. Берæ хæттити 'й Донифарси зилди равзариуонцæ еумæйаг старшинайæй, кæбæл æууæндиуонцæ, уæхæнæй, тæрхонгæнæгæй. Æма, адæми æууæнкæ некæд фæссайдта, алкæддæр си арази адтæнцæ.

Цал анзи ибæл цæуй, уой тухххæй Уæдати Губади æхуæдæг уотæ загъта: «Шамиль Кæсæгмæ ку бампурста, уæд мæнбæл цудæй цуппар анзи». Æхе нимадмæ гæсгæ ибæл, 1924 анзи цудæй 83 анзи. Шамиль Кæсæгмæ бампурста 1846 анзи. Зæгъæн ес, æма Уæдай-фурт райгурдæй 1842 анзи.

Сувæллонæй фæстæмæ Уæдати Губади хæдзари, нихæси игъуста адæмон бæрæгбæнтти аргъæуттæ, таурæхътæ, æмбесæндтæ, ести рагон хабæрттæ... Æма сæ æ зæрдæбæл бадардта. Æ зæрдæмæ хæстæгдæр иста, Дзæгойти Дихо æма Дзирати Дзида-Хадзи ци таурæхътæ кæниуонцæ, уони.

Дзæгойти Дихо Мæхчески гъæуæй адтæй, хъæбæр берæ таурæхътæ зудта. Губади æ хæццæ фембæлидæ цийни дæр æма зиани дæр. Хæдзари дæр имæ ахид уидæ иуазæгуати, æма берæ фæдздзубанди кæниуонцæ. Дзæхойти Дихо, дан, рамардæй æхсæз анзей размæ (1918 анзи). Дзирати Дзида-Хадзи ба нæ таурæхъгæнæгæн æ гъæуккаг – донифарсаг – адтæй.

Губади уой тухххæй зæгъуй: «Къорнати Бареги фæсте, дуккаг адæймаг адтæй Дигори, хецауади рази æ дзурд ка зæгъидæ». Е тухтæй баделиати нихмæ. Къорнати Бареги хæццæ паддзахи размæ æвардтонцæ фарстатæ, цæмæй баделиатæ сæ дæлбарæ ма бакæнонцæ саугосæг адæми. Уæдай-фурт цæй тухххæй дзоруй, уой тухххæй финст æй историон гæгъæдити, нуртæккæ сæ райстонцæ архивтæй, æма сæ Б.В.Скитский адæми рæнгъæмæ рахаста. Дзурд си цæуй, XIX æноси астæу ма ( уæд уæгъдæгонд æрцудæнцæ саугосгутæ) ке цудæй къæлассон тугъд феодалтæ æма косæг адæми астæу.

Донифарсæй Уæдати Губади Лескенмæ ралигъдæй 1918 анзи – фондз анзей размæ.

Мæнæн уæхæн уавæртæ нæййес, æма бундорон дзубанди ракæнон Губадий æма æ таурæхъти тухххæй, фал уæддæр цубурæй зæгъдзæнæн мæ гъуди:

- æ характермæ гæсгæ Уæдати Губади адтæй сабур, хуæдзунд, курухон зæронд лæг. Дзубандигæнгæй гириз дæр ракæнидæ. Æхецæн аргъ кæнун дæр зудта. Æгириддæр некæд ахур кодта Губади æма нæ зудта уруссаг æвзаг, фал хуарз зудта балхъайраг æма гурдзиаг æвзæгтæ. Балхъайраг æвзаг базудта, Ассий гъæздугутæмæ фиййауæй, саугосæгæй ку куста, уæд;
- Губадийæн е 'ндаг бакаст, уæледарæс адтæнцæ хуæнхаг: рæстæмбес асæ, цубур уорс закъæ, æ цохъа – хеуафт, зæнгæйттæ ибæл, æ къæхтæбæл – хуæнхаг дзабуртæ, æ астæубæл – хумæтæг ронæ, ауигъд ибæл адтæй устур кард фестони. Æ ходæ ба адтæй фуси царæй конд. Æ къахдзæф – уæздан;
- дигорон æвзаг Уæдати Губади хуарз зудта, хъæбæр рæсугъд дзурдта дигоронау. Æз, ку мин дзоридæ, уæд æ фæсте финсинæ, æма си мæхецæй еунæг дзурд дæр некæд бафтудтон. Бæрæг уидæ, ци мин дзоридæ, уой хуарз ке зонуй æма 'й берæ хæттити ке дзурдта;
- Уæдати Губадий æрмæгутæмæ гæсгæ базонæн ес, дигорон адæм куд цардæнцæ, уой, Дигорæ Уæрæсей хæццæ ку нæма байеу æй, уæд дигорон адæм куд цардæнцæ, уой. Еци рæстæги тухххæй историон документтæ нæ байзадæй, уомæ гæсгæ ба адæмон исфæлдистади базонæн ес уæди рæстæги адæми тухххæй. Губадий æрмæгутæмæ гæсгæ ба бæрæг æй, Дигоргоми феодалтæ куд фæззиндтæй, е. Уæдта ма базонæн ес, дигорон адæм сæ синхон адæмти хæццæ куд цардæнцæ, уой (гурдзиæгтæ, свантæ, балхъайрæгтæ, кæсгæнттæ).

Уæдати Губадий адæмон исфæлдистади æрмæгутæ федар кæнунцæ М. Горькийи дзурдтæ, гъома, дан, адæмон исфæлдистадæ фæрсæй-фарсмæ цæуй косæг адæми историй хæццæ, æнæ адæмон исфæлдистадæ нæ базондзæнæ æма нæ балæдæрдзæнæ косæг адæми истори. Уæлдай хъазардæр ба адæмон исфæлдистадæ æвдесæн æй, дигорон-ирон адæм, тæтæри, уæдта Тамерлани æрбампурсти фудæй ци фудтæ бавзурстонцæ, гъе уомæй;

- æ Нарти кадæнгитæ æнцæ цæмæдессаг варианттæ, ес син устур нисанеуæг;
- гъе уæхæн цæмæдессаг æнцæ æ легендитæ дæр;
- уæлдайдæр ба, баханхæ кæнун гъæуй æ фиййæутти нимад, уой тухххæй æз лæмбунæгдæр дзурдтон мæ мухургонд уаци 1925 анзи.

Кæронбæттæни ма мæ зæгъун фæндуй: Уæдати Губадий мæнмæ Дзæуæгъæумæ исласта Лескени авданзон скъолай директор Бердити Степани фурт Дудар, е мæн фæрци райййивта æ рахаст адæмон исфæлдистадæмæ æма, мæ курдиадæмæ гæсгæ, Чиколай ахурдзаути агъазæй æрæмбурд кодта еу-дууæ минемæ хæстæг æмбесæндтæ (уони тухххæй дзордзæнæн иннæ æмбурдгонди).

Уæдати Губади дæр æхуæдæг адтæй пусулмон лæг æма æнхæст кодта еугур æгъдæуттæ дæр (кодта намаз, хуæруйнагæй дæр алли хуæруйнаг нæ хуардта). Уомæ гæсгæ ба, сахари ку адтæй, уæд ин хецæн хуæруйнаг кæнун гъудæй. Æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй сæлдæг, æхуæдæг æй исхудта «сатæг хуæруйнаг». Ахид-еу дзурдта: «Еци сатæг хуæруйнагæй ма мæ фегъæстæ кæнетæ». Цæмæй ин æ зæрдæ естæмæй барохс кæнæн, уой тухххæй Губадий Бердити Дудар фæххудта циркмæ. Æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй цирки, уæлдайдæр ба, кизгæ ку рацудæй бæхбæл, уæд е. Е имæ хъæбæр дессаг фæккастæй, Бердити Дудари ма фæрсгæ дæр бакодта: «Æнгъæлдæн æма, бæхбæл ка бадуй, е силгоймаг æй?» Æма ин е ку загъта, æцæгæйдæр силгоймаг æй, зæгъæ, уæд æ къохтæ хердмæ фæккодта æма бабæй загъта: «Астафир Аллах!»

Уæдати Губадийæн æ бон ку нæбал адтæй сахари уавæрти цæрун, сæхемæ 'й гъæумæ цæун фæндадтæй (28 майи 1924 анзи), уæд мин уотæ, гъома, нецибал зонун, зæгъæ, уæдта ма ходгæй загъта: «Дзагуртæн æфсæнæй нивæ нæ рацудæй!» Уомæй уой зæгъунмæ гъавта, куд æй балæдæрдтæн, уомæ гæсгæ: æнтæститæ мин ес ахуради, киунугутæ кæсун...

Еузагъдæй, æ гъуди нæ муггаги тухххæй загъта.

Уæдати Губади мин ци радзурдта 1924 анзи 21 майæй 28 маймæ, уони гъе уæд нифсинстон. Æртин æртæ анзи ку рацудæй, уæд еци æрмæгутæ фæстæмæ бакастæн, æма, цума, мæ рази цардæгас адтæй, уотæ мæмæ фæккастæй.

Нæ 'й иронх кæнун æгириддæр. Рохсаг уо, Губади! Цалинмæ ма цæрон, уæдмæ дæ нæ феронх кæндзæнæн. Мæ зæрдæ дарун, фæстагонтæ дæ ескæд ке æримисдзæнæнцæ, æма дæ ном ке байзайдзæнæй уонæн сæрустур æма кадæн. Еума хатт ма дин, «рохсаг уо» зæгъун.



## НОГЪАЙИ ХАНИ ГЪОНГÆС

Ногъайи ханмæ еу бицщеу гъонгæс адтæй. Бонæ бæхи сæри хъаболамæ ку бахъæртидæ, уæд ибæл исбадидæ æма бон-сауизæрмæ фæккæуидæ. Фæккæуидæ, æ цæститæ нирæсуиуонцæ, æма уотемæй фудхуз кодта.

Хан дес кодта:

– А Хуцау, а цæмæн уотæ фудхуз кæнуй?

Еу бон ба 'ймæ æ фæсте еу лæхъуæн рарвиста:

– Фæйййимæкæсæ, ци косуй, ци мурхуй?

'Ма имæ фæккастæй, æма бæхи сæри хъаболæбæл ке кудтæй, уой изæрæй ханæн радзурдта. Изæрæй ку 'рцудæй, уæдта ин хан загъта:

– Ци кæнис, еци сæри 'стæгбæл цæмæн фæккæуис?

– Мæгур дæн æма ибæл фæккæун, – зæгъгæ, загъта.

– Цæй туххæй ибæл кудтæ, уой мин зæгъæ.

– Бæхи алæппи сæри 'стæг æй, мах Алæппи муггаг ан, æма ибæл уомæн кæун.

– Бæхæн е 'стæг ку фæсмæрис, уæд алæппæн ба е 'гас нæ бафæсмæрдзæнæ?

– Бафæсмæрдзæнæн.

– Мадта цæуæн æма байагорæн, бæх алæпп кæми е, уой.

Рабадтæнцæ бæхтæбæл, сæ хæццæ æмбæлттæ дæр ма адтæй, æма бæхæргъæуттæбæл хæтун байдæдтонцæ æма некæми ирдтонцæ. Фæстаг бæхи къуармæ ба, Ногъайи бæхи æргъæуттæмæ ба, иссирдтонцæ:

– Гъе, аци бæхи къуари ес бæхтæ, – æма ниййахæстонцæ сæ фæсдзæбæхгондæй æртæ байраги. Æртæ дæр саутæ. Сæ еу дзæгъар, иннæ ба – уорскъах. Иннæ ба – æнæ уорс игъæстæ сау.

Æрсæластонцæ æма уони дæр ниббастонцæ, æртæ нæлфуси дæр. Уони хастонцæ. Афæй сæ ку исхастонцæ, уæдта сæ нæлфустæй сæ еуей нивгарстонцæ. Е 'стæги хъанз нæбал адтæй, фал сæ уæддæр ниууагътонцæ, бæхтæ бадунмæ нæма бæззунцæ, зæгъгæ.

Дуккаг анз ба дуккаг нæлфуси дæр нивгарстонцæ. Уæд дæр æмир нæма адтæй е 'стæг.

Æртиккаг анзи бабæй инней нивгарстонцæ. Æ уæрагистæги хъанз нæбал адтæй, исæмир æй, содзийнæ дæр æй нæбал хизтæй.

– Гъенур исбæхтæ 'нцæ, æма сæ æнгон кæнун гъæуй (*Æнгон кæнун – еристæмæ бæхтæ цæттæ кæнун. – Дз.Г.*) Афæй сæбæл æнгон кæнунæй бакустонцæ. Уæдта сæбæл еугæйттæй рабадтæнцæ, æма загъта:

– Æллæх, æллæх, æнхæст бæхтæ иссæнцæ! Гъенур ба райсæ дæхуæдæг, – загъта ин хан.

– На-а, нæ мæ гъæуй бæх барæуадзæ есунæй, дæхуæдæг рабадæ, дæ фуртæн дæр райсæ.

– Райсæ, биццеу, – зæгъгæ, лæхъуæнæн барæ бауагъта хан.

– Æз уорскъахи есун, – загъта хани фурт.

Хан ба дзæгъар райста. И сау бæх ба биццеуæн байзадæй.

Рабадтæнцæ æма ранæхстæр æнцæ. И надæн æ хъæбæр ка адтæй, уомæ гъавта ихуæрст лæппо, æма уобæл фæццудæнцæ, æма, уорскъах ка адтæй, е нистадæй.

Уæдта хорæрдæмæ æхе рахатта æма бабæй хорæрдæмæ цæун байдæдта, æма уæдта дзæгъар нистадæй.

– Нур и уорскъах цæмæн нистадæй, еу хаст ку адтæнцæ? – бафарста хан.

– Уорскъахæн æ сæфтæг тæнæг æй æма уомæн бафæлмæстæй.

– Дзæгъар ба цæмæн нистадæй? – зæгъгæ, та 'й бафарста.

– Æ цар дæр тæнæг æй, е 'стæг дæр тæнæг, æма имæ хори тæвдæ бахъæрттæй.

– Хуарз, зæгъгæ, загъта. – Гъе, мадта дæ нур ба дæ хæдзарæмæ ку рауадзон, уæд над иссердзæнæ? – зæгъгæ, 'й бафарста.

– Табуафси, иссердзæнæн. Аци бæхтæ кæцæй раластон, уонæмæ дæр алæпп муггаг нæййес уонæй æндæр, æма сæбæл федар хуæцæ, – уотæ ханæн разагъта и биццеу.

– Гъе мадта дæхуæдæг дæр ирайгæ уо æма фæндараст уо!



## АХСАХЪ-ТЕМУРИ ТАУÆРÆХЪ

Ахсахъ-Темур биццеу адтæй æма дæркъгæс адтæй. Изæрæй ба æрцудæй æма биццеу бахъан æй, æма имæ æ фидæ дзоруй:

– Ци кæнис, биццеу, ести ди ресуй?

– Неци ми ресуй, фал ниффæлладтæн, аци бон еу дæркъæ мин... ледзгæ мин кодта æма мæ бафæллайун кодта.

– 'Ма ци фæцæй, фæддинлигъдæй?

– На, неци мин фæллигъдæй, æрæйтардтон.

– Рацæуай, фæмминæй уинун кæнай, маха 'й нивгæрдæн, е исон бабæй ледзгæ кæндзæнæй.

Бацудæй æма 'й бамудта, уæртæ еци дæркъæ, зæгъгæ, е ба дин – тæрхъос.

– Оххай, а хуарз нæ уодзæнæй, – зæгъгæ, æма ин æ фидæ æ зæнгæ басаста, æма фæкъкъулух æй.

Уотемæй ислæг æй. Æ нон Темур адтæй, уæдта Ахсахъ-Темур фæцæй, гъома: къулух Темур.

Лæгъуз кæнунбæл хаттæй æма алкæмæн дæр тухæ кодта.

Еу бон ба имæ æстонг бахъæрттæй, æма еу хæдзарæмæ бацудæй æма загъта:

– Хуарз уосæ, æстонг дæн, æма мин ести ку бахуæрун кæнисæ.

– Бахуæрун кæндзæнæн, – зæгъгæ, æма ин æхцинтæ-фингæ искодта æма ин нивварта. Астæумæ нивналидæ Ахсахъ-Темур æма фингæн уордиги хуардта, кæрæнттæмæ ба ин не 'вналдта.

– Ци 'й, мæ хор, Ахсахъ-Темури хуæрдтитæ ку кæнис?

– Ахсахъ-Темур ба куд хуæруй?

– Ахсахъ-Темур ба кæронæй не 'скъæфуй, фал астæуæй, æндæра гъæуи еугур хуæрд ку бакæндзæнæй. Астæуæй æскъæфуй, æма 'й кæми куй афуй, кæми лæг, æндæра кæронæй ку æскъæфа, уæдта 'й некебал раййафдзæнæй.

Гъе кæронæй æскъæфун Ахсахъ-Темур уæд байдæдта. Еу лæбурди ба Лæдæрти енцеги раскъафта. Етæ ба 'й зæнхæбæл нæбал уагътонцæ æнцойнæ. Уæдта Ахсахъ-Темур искувта:

– Хуцау, атæ мæ зæнхæбæл нæбал ниуудздзæнæнцæ, æма арвбæл куд фестон!

Æма арвбæл исбадтæй.

Етæ дæр бабæй ракурдтонцæ æма етæ дæр бабæй арвбæл исбадтæнцæ.

Хуцау Лæдæрти фесунмæ зелунмæ фæккодта. Е еци еунæг рауæн истуй, етæ ба ибæл фесунмæ зелæн кæнунцæ. Уонæй уой астæу Ахсахъ-Темурæн дууæ урси зелæн кæнунцæ. Æхсæвæй-бонмæ фæххæтунцæ, бонивайæни ба 'й бауинунцæ; бонивайæни ба син фæдздзæгъæл уй, æма бабæй фесунмæ рандæунцæ.

Лæдæртæ дæр фæсмæрæн, Ахсахъ-Темури дæр фæсмæрæн.

Æхсæуæ ба зæгъунцæ:

– Мах Ахсахъ-Темури фурттæ ан, зæгъгæ.

*(Аци дзубанди фегъустон æхсæууон Царахати Хъургъохъæй).*



## ÆСТУР ДИГОРИ ТАУÆРÆХЪ

Рамбурд æнцæ Æстур Дигорæ Мадзасгæмæ, æстæри фæццæуæн, зæгъгæ, фонс кæнунмæ.

Хъайи-фурт Гегки сæ хуæздæр лæг фæрсаг адæмæй адтæй 'ма загъта:

– Цæугæ кæнæн, Æстур Дигорæ, фал сау халон уæрццæ нæ ахæссуй. Цæргæсатæй нæ хæццæ еу лæг ку уайдæ!

«Ци кæнæн, куд кæнæн?» – сагъæс кодтонцæ 'ма загътонцæ:

– Хъарабугъатæй хонæн, æма сабатизæртæ ес, ма уонæй нæ раевдæлдзæнæнцæ. Таймазтæ ба уæллагкоймаг галау лæхлæбæз æнцæ. Хъантемуртæй лæг нæ ку уайдæ, – зæгъгæ, 'ма Хъантемурти Туалтай фурт Мазухъ-æлдарæн нæуæгхунд уосæ адтæй 'ма нæ фæццæудзæнæй.

Хъайи-фурт Гегки загъта:

– Æрæйхондзæнæн, фæццæудзæнæй. Баимæцудæй 'ма ин загъта:

– Æстур Дигорæ Мадзасгæмæ æрæмбурд æнцæ, сау Геземæ æстæри цæунцæ æма де 'ной нæ комунцæ.

Загъта е ба:

– Фæццæуни равгæ дæр мæмæ нæййес, топпи хуаллагæй дæр рæвдзæ нæ дæн.

– Етæ рæуонæн нæ бæззунцæ, уони дууети дæр иссердзинан.

Уони дууети дæр ин æррæвдзæ кодта, 'ма ранæхстæр æнцæ. Бахизтæнцæ Гезей æфцæгбæл æма еу рауæн æхсæвеуат æркодтонцæ. Æхсæвеуати ба ниххустæнцæ. Мазухъ-æлдар æма Хъайи-фурт ба бадунцæ æма дзубанди кæнунцæ.

Æфцæгбæл ку бахизтæнцæ, уæдта сæ гезейаг цауæйнæнттæ фæйййидтонцæ. Æрсæмæгъузтæнцæ, æма дууей бадгæ фæййидтонцæ. Гурдзиаг цауæйнæнттæй ба еу адтæй Гурдзий æлдар Ахалбеда.

Е 'мбалæн загъта:

– Саг æхсон æви нарддæр хуййи æхсон? Е ба загъта:

– Хуй нард ку уа, уæддæр саг хуæздæр æй. Фæййæхста, 'ма Хъантемури-фурт Мазухъæлдар фæммард æй.

Гегки загъта:

– Нур гузавæй нецибал æрцæудзæнæй. Æз цæун фæдеси, фал ма мæ бахезетæ ами.

Æма сæ æздахун нæ рауагъта 'ма сæ уоми фæуувагъта. Къасарай комбæл Уæллаг Ирæбæл рацудæй æма загъта:

– Гиземæ бацудан æма сæ тъасхæй иссирдтан, æма ма нæ адæм гъæуй, æма лæг ка 'й, е рацæуæд, æма æртæрæн Гезей.

Еци дзубандитæй, Дигорæй дæр, Ирæй дæр ка адтæй, уони рамбурд кодта, æма бабæй Гезей æфцæгбæл рахизтæнцæ.

Загъта:

– Æз цæун æма гæни дзæхæрай мæсуги размæ мæхе баримæхсдзæнæн. Сумах ба, хор ку 'рбакæса, уæд уæхе æрбавдесетæ изолæй, уæдта фæстæмæ уæхе æрбаесдзинайтæ ауунмæ. Мæсуги къæразгæй æхсдзæнæй, æма ку расидзæ кæнайтæ, уæдта зæгъдзæнæй: «Гъи, нæ раздæхдзинайтæ, Дигорæ!» – уотæ æхебæл банвæрсдзæнæй. Мæсуги къæразгæй ку ракæса, уæд ин æз дæр, кæд Хуцау зæгъа, уæд еу ести бакæндзæнæн.

И ауунон ку фæцæнцæ, уæдта, расææздахтон, зæгъгæ, мæсуги къæразгæй ракастæй, æма 'й мæсуги бунæй исæхста, æма къæразгæй мæсуги бунмæ рахаудтæй. Æ гъос æма ин æ мухур (æнгулдзæ) æрбавгарста æма æрбахъæрттæй е 'мбæлттæмæ.

Уой ку фæйййидтонцæ, уæдта æрбагур-гур ластонцæ æфсад Гиземæ. Ниссæмпурстонцæ æма, кæмæй тарстæнцæ, уони ба цæгъдгæ никкодтонцæ.

Æрсæтардтонцæ Æстур-Дигорæмæ. Сæ ес-сæ бесæй ци фæразтонцæ, уой дæр рахастонцæ.

Мазухъ-æлдари фидæмæ Гегки кæугæ бацудæй, æ къохæй лæхъуæн æма кизгæбæл хуæстæй, уотемæй.

– Кæд естæмæн исбæзтайтæ, уæд уе 'рцæун хуарз; кæд нецæмæн исбæзтайтæ, уæдта уæ не 'рцæун хуæздæр адтайдæ, – загъта Мазухъ-æлдари фидæ Туалта.

– Дæу фесафтан, фал уонæн ба, нæ бон ци адтæй, уой бакодтан.

– Сумах ходуйнагæй кæд не 'рцудайтæ, уæд е хуарз, уомæн ба æ адзал адтæй, 'ма рамардæй.

И лæги гъос æма ин мухур дæр бавдиста:

– Нæ марæги рамардтан, иннети ба æртардтан. Æрсæмæцудæй æма сæ æ адæмæй дæр, Гезетæй дæр фæуууидта.

– Арфæ уин кæнун, уой тог дæр ка райста, фонсиконд дæр ка фæккодта. Мæ мардбæл мæ зæрдæ нæбал ресуй, фал уи корун, æма мæ хатир фæуууинетæ; коргæ ба уæ уотемæй кæнун, æма, мулкæй ке 'рхастайтæ, етæ фæххаир уæнтæ, адæми ба раудзетæ.

Адæм ба загътонцæ:

– Æллæх, æллæх, дæ тæрхонбæл хъæбæр арази ан. Дууæ гъуддагемæй дин барæ дæттæн: басæиуарæн æма лæгæй хай искæндзинан, дæуæн ба дууæ хаййи. Кæд дæ фæндуй, уæдта сæ еугурæй рауадздзинан.

– Корун, æма сæ мæ хатирæй рауадзетæ!

Уадзунбæл ку исарази æнцæ, уæд Гегки загъта:

– Сау Гезе, сумахæн барæ дæттæн: кæд Хъантемуртæн фæдгæ кæндзинайтæ, уæд уæ рауадздзинан; кæд уæ фæндуй, уæдта уæ лæггай байуардзинан.

– Гъай-гъай, арази ан! Кæндзинан, сумах нæбæл ке 'вæретæ, еци фæдгæ.

Расæуагътонцæ, æма рандæнцæ æма фæдгæ кодтонцæ Гезе Хъантемуртæн.

Уалдæнги Гезетæй еу хæдзарæ Рагъимæ фæллигъдæй. Хъантемурти Хъарадзау фæдгæ есунмæ бацудæй æма:

– Еци хæдзарæ кæми 'й?

– Е ба Рагъимæ фæллигъдæй.

Е ба бацардæй Запарати цори. Хъантемурти Хъарадзау ниццудæй æма æ фæдгæ агурдта. Запаратæ ба загътонцæ:

– Нæ ратдзинан ардиги фæдгæ.

Уотемæй син хъаугъа раеудагъ æй, æма фæххилæнцæ. Тухæ кæнун ин ку райдæдтонцæ, уæдта кард фелваста, еуей цæвон, зæгъгæ, æма кард тугургъæдæбæл рауадæй. Тугургъæдæ дæр фæккарста, уæдта, ке цавта, уой бæрзæй дæр рахаун кодта.

Зарæй уотæ 'й нур:

Гезе æрæги уалæнгæ дæр ма, цалдæнги паддзах истухгин æй, фæдгæ кодтонцæ Хъантемуртæн.

***Хуцау нин еци хуарз ракæнæд, æма нæ цитгин хестæртæ ма берæ æнзти дæргъи нæ фарсмæ куд уонцæ æнæнез æма зæрдирайæй, сæ зунди курухондзийнадæ æма уоди рæстадæй кæстæртæн рæствæндаггæнæг куд уонцæ!..***

***Куд зонæн, уотемæй Нæуæг анзи бæрæгбонмæ цæттæ кæнгæй, алли бийнонтæ дæр уæлдай зæрдиагæй фæййархайунцæ, цæмæй сæ фингæ уа уæлдай федауцæдæр, алцæмæй дæр æнхæст. Æма ци хузи хуæруйнæгтæй ба 'й нæ исрæвдзæ кæнунцæ. Фал, махмæ гæсгæ, уæддæр цидæртæ ба нæ фæффагæ кæнуй. Кæд Нæуæг анз фæббæрæг кæнæн куд нæ адæмон бæрæгбон, нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæмæ гæсгæ, уæд, цума уæ фингитæбæл ба, нæ фидтæлтæмæ цитгин ка адтæй, еци хуæруйнæгтæ æвæрд фæуунцæ? Циуавæр æнцæ, зæгъетæ, еци хуæруйнæгтæ? Мæнæ уин си еуцалдæрей кой ракæндзинан. Уой хæццæ ба ма уин, махмæ гæсгæ, цæмæдессаг уодзæнæй, нæ рагфидтæлтæ ма хæдзари æма будури кустити рæстæг, циуавæр дзаумæуттæй пайда кодтонцæ, уони хæццæ базонгæ ун дæр...***

***Æрмæг бацæттæ кодтан зундгонд ахургонд – этнограф Цагъати Анастасийи финститæмæ гæсгæ.***



# ФИНГÆ Æ БÆРКАДÆЙ ФЕДАУЙ...

**ЦАГЪАТИ Анастасия,**
(1919-2009)
филологон наукити доктор, профессор



### ХУÆРУЙНÆГТÆ

ДЗИККА:

***Цихти дзикка.*** Цихти дзикка кæнунцæ фæлмæн цихтæй, кенæ ингин (æнæнгуизт) цихтæй. Дзиккагæнæн аги фæлмæн цихт листæг рауæрдунцæ. Ингин цихтæй ку кæнай дзикка, уæд гъе уой дæр уотæ æууæрдун гъæуй. Цихт ку рауæрдунцæ, уæдта агæ минкъий артбæл байвæрунцæ, ма 'й куддæр байвæрунцæ, уотæ 'й æстаун райдайунцæ гъæдин æстауæнæй. Фицунцæ 'й стаугæ-стаугæй. Дзæбæх ку рабæфца, цихт аги æнхузæн ку ратæнæг уа (дони хузæн), сойнæ æ сæрбæл гъазун ку райдайа (рабор уй аги цихт фицгæй), уæд ибæл цæнхæ никкæнæ.

Исæзмæнтæ 'й цæнхи хæццæ, уæдта ибæл тигъд (лæурст) нартихуари инсад кæнæ дæ галеу къохæй, рахесæй ба 'й æстауæ. Дзæбæх ку рабæзгин уй, сойни æвдулун ку райдайуй, уæд дæ дзикка исхаудтæй. Цæттæ 'й хуæрунмæ. Æгæр берæ сойнæ ибæл ку уа, уæд ин æ сойнæ (царв) ести дзаумаумæ рауадзунцæ. Дзикка ба тæбæгъти кæнунцæ æма 'й фингæбæл æвæрунцæ хуæрунмæ.

***Хъаймагъи дзикка.*** Дзиккагæнæн аги никкæнæ хъаймагъ. Фицæ 'й минкъий артбæл æстаугæй. Рафицун æй гъæуй дзæбæгарæ рæстæг. Аги кæрæнттæбæл сойнæ дзæбæх ку рагъаза, уæд ибæл цæнхæ никкæнæ, æма 'й æстауæ. Цæнхи хæццæ ку рафица еуминкъий, уæдта ибæл нартихуари инсад кæнæ, æма 'й æстауæ. Ку æрбабæзгин уа, уæд æй инсад нæбал гъæуй, фагæ 'й. Фал дæ дзикка ба æстауæ æма фицæ. Аги фæрстæй ку рартæса, сойнæ дзæбæх æ сæрти ку гъаза, уæд æй райесæ артæй. Æ сойнæ ин естæмæ рауадзæ (хъаймагъи дзиккабæл сойнæ берæ фæууй), дзикка тæбæгъти æрæвæрæ, æма цæттæ 'й хуæрунмæ.

***Хурхæбæл дзикка.*** Хурхæ артбæл байвæрæ дзиккагæнæн аги. Ку райфа, уæд ибæл цæнхæ никкæнæ. Æрбайæстауæ. Уой фæсте ба ибæл нартихуари инсад æстауæ, æма 'й исфицæ æнæ басодзгæй. Ку исфица, уæдта 'й тæбæгъти æркæнæ. Тæбæгъмæ ибæл сойнæ (царв, стори сойнæ) никкæнæ æма хуæрунмæ цæттæ 'й.

***Царви бунти дзикка.*** Царв ку исцæгъдиуонцæ, уæд хом царв (сливочное масло) исесиуонцæ уазал, дон кæми уидæ уæхæн агæмæ, кенæ æндæр естæмæ. Уоми дони хурфи хом царв рахъæбæр уидæ. Мæнæ гумбул куд фембурд кæнунцæ, уотæ æрбамбурд кæниуонцæ хом царв цæрвцæгъдæни. Уæдта 'й исесиуонцæ агæмæ. Аги дæр ма уазал дони ку рахъæбæр уа, уæдта ин æ дон рауадзæ. Агæ рæхисбæл райауиндзæ, минкъий арт имæ бакæнæ æма 'й æстаугæй фицæ нидæн артбæл. Ку рафица еу рæстæг, уæд царв æхуæдæг рарæсог уй, æ буни ба ма месин раизайуй. Ку рарæсог уй царв, уæд ибæл цæнхæ ракæнунцæ. Æстаунцæ 'й цæнхи хæццæ, æма цæнхæ ку ратайуй, уæдта æй райсунцæ артæй. Агæ къолæгомау æрæвæрунцæ, æма царв рарæсог уй. Ку рарæсог уидæ, уæдта царв гъосинмæ (нур ба баллонмæ, банкæмæ) рауадзиуонцæ. Уоми ниууазал (никъкъæттæр) уй. Уæдта ин æ сæр нимбæрзиуонцæ æма 'й бегъелий, кенæ медæггойни тæрхæгбæл байвæриуонцæ. Æма анзи дæргъи сойнаг не 'лхæдтонцæ, сæхе рæбун уидæ.

Царв кодтонцæ сæрæсгæ æхцинбæл, халтъамадонбæл, сорсерæ уой хæццæ хуардтонцæ. Кæрдзин ба царвæй ефстагмæ æвдулдтонцæ, фулдæр ба – фиуæй.

Аги медæгæ царви бунтæ ка 'рбадидæ, уобæл ба кодтонцæ дзикка. Аги буни ка 'рбадидæ, уомæй уæлдай ма ибæл бафтауиуонцæ царви месини фæлсодзæнтæ дæр (цихти, хом царви мортæ). Нидæн артбæл агæ байвæрунцæ, æма 'й стаугæй фицунцæ. Ку рафицидæ, уæдта ибæл нартихуари инсад растауиуонцæ æма 'й фунхтонцæ æстаугæй. Уайтæкки дæр агæй фертæсуй. Æ инсад ку рафица, дзæбæх ку фертæса агæй, уæдта 'й райсæ артæй, цæттæ 'й. Æгæр берæ сойнæ ибæл ку уа, уæд æй рауадзæ. Дзикка ба тæбæгъти æрæвæрæ æма хуæргæ.

***Дзæхæрай дзикка.*** Аци хуæруйнаг кодтонцæ къумбули сифæ, хускъæли сæри фæлмæн сифтæ, æхсимулдзæ, пурса, футæг æма æндæр хуæргæ кæрдæгутæй.

Кæрдæгутæ равзарæ. Никкæдзос сæ кæнæ, хуарз сæ нихснæ, сæ дон син æртæдзун бауадзæ, уæдта сæ никкæрдæ, дзæхæрагунæн куд кæрдай, уотæ. Артбæл агæ байвæрæ. Минкъий дон си никкæнæ. Дон ку рафица, уæдта ибæл дзæхæратæ никкалæ. Рафицæ сæ дзæбæх (еу 10 минуттей бæрцæ), уæдта ибæл нартихуари инсад цæнхи хæццæ нистауæ, æма 'й фицæ, æнæсцохæй æстаугæй, цæмæй æ бунбæл ма расодза, уой туххæй. Исфицæ 'й дзæбæх. Ку исфица, уæдта 'й райсæ артæй. Тæбæгъти æй æркæнæ. Тæбæгътæмæ ибæл никкæнæ, сойнаг дæмæ ци уа, уой (царв, стори сойнæ). Сойнаг кæмæ нæ уидæ, уомæ кæд фиуи морæ уидæ, уæд ибæл уой фицгæ-фицгæй агæмæ никкæрдидæ.

Дзæхæрай дзикка нур хуæрунмæ цæттæ 'й.

СОРСЕРÆ. Дзиккагæнæн аги дон байвæрæ, цæнхæ ибæл никкæнæ, æма 'й рафицæ. Дон ку райфайа, уæд ибæл нартихуар иинсад никкалæ, æ сæр ин бамбæрзæ, еуминкъий зихъир си куд уа тулфæ цæунæн уотæ, æма фицæд æнæ æстаугæй. Фицун æй гъæуй дзæвгарæ рæстæг, еу сахаттæй фулдæр нидæн (сабур) артбæл. Дзæбæх ку фæффица, уæдта агæ райесæ артæй. Æ дон ин еу къосмæ рауадзæ, æхе ба ин æстауæнæй дзæбæх æзмæнтæ, цалинмæ исæнхузæн уа, къубарæ си нæбал уа, уæдмæ. Де 'змæнст ку исæнхузæн уа, инсад, къубарæ си ку нæбал зинна, уæдта дæ къохтæ уазал дони ратолисæ æма 'й есæ агæй, къинси хузæн тумбултæ 'й ракæнисæ (нартихуари кæрдзини къинси хузæн фæууй), æма 'й тæбæгъи æвæрæ. Æртумбул æй кæнæ. Æ астæу ин фæхъхъулуф (æркъосгæ) кæнæ, æма уоми гъаргонд царв никкæнæ. Иннæ фунх къинсæй ба минкъий тумбултæ (комидзаги асæ) кæнæ, ма сæ тæбæгъи сорсери алливарс æвæрæ. Уотемæй дæ агæ æруæгъдæ кæнæ.

Нур цæттæ 'й дæ фингæ. Æрбадетæ æ алливарс, æма уин хæлар уæд.

ФИУГУН. Дзоллаг инсад амæнтæнмæ ратегъæ. Цæнхæ ибæл барæгæнæ. Дон мæтъæлгъар бакæнæ æма уомæй исæзмæнтæ къæхигæнæ къинсæ. Къинсæ дзæбæх ранæмæ, цалинмæ къохбæл нæбал хуæца, уæдмæ. Къинсæ рахæйттæ кæнæ, цал фиугуни кæнай, уал хайии. Стад фиу листæг никкæрдæ, маци ибæл никкæнæ (нæдæр цæнхæ, фиу æхуæдæг цæхгун æй, нæдæр гъæдзиндзæ).

Фиуи карст дæ къинсæмæ гæсгæ рахæйттæ кæнæ, æма искæнæ дæ фиугунтæ, къере куд фæккæнæн, уотæ. Дæ къере ку ракæнай, уæд æй тæвдæ фесарæнбæл æрæвæрæ, æма 'й рахатæ-бахатæгæнгæй дзæбæх исфесарæ. Ку 'й исфесарай, уæдта тъæригъоси арти тæвдæ фунук размæнтæ, æма дæ фесарст къере еци тæвдæ фунуки баниуæрдæ. Цалинмæ е фица, уæдмæ ба дæ иннæ къере ракæнæ æма 'й фесарæ.

Тæвдæ фунуки ниуæрст къере еуæрдиги ку рафица, уæдта æй иннердæмæ рахатæ; нæуæгæй æй баниуæрдæ, цæхæртæ ин æ сæрбæл æрбахафæ, æма уотемæй исфицидæ и къеретæй алкæци дæр. Ку исфицидæ къере, уæдта 'й гудунмæрзæнбæл ниссæрфиуонцæ, æма 'й фингæбæл æрæвæриуонцæ (нур ба 'й фингæбæл æвæрунцæ тæбæгъи). Уæдта 'й дууердиги дæр фиуæй байсæрдиуонцæ. Гъе, уотемæй сæ исцæттæ кæнидæ æфсийнæ æма сæ хуардтонцæ, къумæл ба сæбæл ниуазтонцæ, лæгтæ ба карздæр ниуæзтæ дæр.

Фиугун хъæбæр зæрдæдаргæ хуæруйнаг æй.

### ХÆДЗАРИ ДЗАУМÆУТТÆ

ГУДУНМÆРЗÆН. Кæрдзин, къере фунуки ку исфицидæ, уæд æй сæрфун гъудæй, æма 'й ниссæрфиуонцæ гудунмæрзæнбæл. Гудунмæрзæн кодтонцæ сæхъеси гæппæлтæй. Сæхъеси гæппæлтæ кæрæдзебæл бахуйиуонцæ. Æ кæрæнттæ дæр ин хурфæмæ хадтæй бахуйиуонцæ. Уидæ ибæл ауиндзæн дæр. Ку ибæл ниссæрфиуонцæ кæрдзинтæ, къеретæ, уæдта 'й цæгиндзæбæл батъæпп-тъæпп кæниуонцæ. Æ ругæ (фунуки, инсади ругæ) æркæлидæ, æма 'й тъæригъоси рази ци цæгиндзæ уидæ, уобæл æрауиндзиуонцæ.

СÆХЪЕС. Сæхъес гъудæй итауæн сор кæнунмæ (мæнæуæ, хуар æма æндæр тиллæг сор кæнунмæ).

Сæхъес кодтонцæ аллихузи цъоппæй, хъæбæрдæр ба кезæ цъоппæй. Цъопп бахсиниуонцæ æхсинæнтæбæл (сæхъесæн алли цъопп дæр бæзтæй (гъесæг дæр, фæлмæн дæр). Байцæгъдиуонцæ фæсдзæгъдæнæй цъопцæгъдæн кауæбæл, æма 'й тумбултæ-тумбултæ батохиуонцæ. Еци тумбултæй æзмилдтæ (æзмилд – æлвесунмæ сæ цонгбæл ци цъопп бакæнунцæ е æй), æма уонæй ставд халæ æлвистон-

цæ. Дууæ æлхуйни æлвистæй ку байдзаг уиуонцæ, уæдта дууæ халемæй къубулойнæ истохиуонцæ, æма 'й баздохиуонцæ. Гъе уотемæй исцæттæ кæниуонцæ сæхъеси фагæ халæ (æ бæрцæ ин зудтонцæ, ка сæ кодта, етæ). Сæ халæ ку исцæттæ уидæ, уæдта 'й баниваендиуонцæ, тунæн куд нивæнстонцæ, уотæ. Уæдта нивæнст халæ цæгтæ искæниуонцæ. Уæдта цæгтæ урдити исласиуонцæ, уæдта сæ тунуафæн сæрвасæни раласиуонцæ. Уой фæсте ба 'й уафун райдайиуонцæ (тунæ куд уафтонцæ, уотæ). Ку бауафиуонцæ сæхъеси тунæ, уæдта 'й, цæй дæргъæн кодтайдæ, уой баредзæ исесидæ, æма æ тунæ уал исæвнебæл байуаридæ. Исæвнитæ ба кæрæдзебæл бахуйидæ федар сундакъæй, федар халæй. Æ серагæ ба ин батолидæ æма сæ бахуйидæ. Дæу мади мадæ ба ма серагæбæл алдæмбид дæр бахуйидæ, тулди сæрбæл. Гъе уæд сæхъес исцæттæ уидæ.

Пайда си кодтонцæ, цæмæн сæ гъудæй, уомæн (тиллæг сор кæнунмæ, æмбæрзæнæн). Ахиддæр си бамбæрзиуонцæ арахъаги æнтуд гъардæрæн.

*МÆХÆЛ ÆМА КЪÆССА.* Хæдзари дзаумау тиллæг ласунмæ голлаги бæсти. Уæд голлæгтæ на 'дтæй, æма сæхуæдтæ мæхæлтæ, къæссатæ, дзæкъæлттæ, гæбæттæ кодтонцæ фонси (цæуи, сæгъи, сирди, уæси) царæй. Кодтонцæ сæ уотæ:

Нæл сæгъæ, кенæ цæу нивгарстонцæ. Æ царæй ин мæхæл кæнуни зæрди ку адтайуонцæ, уæд æй косарт къæрт нæ кодтонцæ. Æ сæр ин æ гурæй ку рахецæн кæниуонцæ, уæд ин айдагъдæр æ хъур æркъæрт кæниуонцæ раззаг къæхти уæнгæ. Уæдта 'й æ хорхæй бæттæнæй царбæл (æфтауæнгъæдæбæл) æрауиндзиуонцæ. Æ раззаг къæхтæ ин ку ралух кæниуонцæ, уæдта ин æ уæргутæй цар усхъуммæ растъегъиуонцæ мæхæли (къæссай, дзæкъоли, гæбæти) къумтæн. Уой фæсте ба æнæ ракъæртгæнгæй зилдæй цар æстегъгæ æрцæуиуонцæ урдугмæ, саугæнгæ фæстаг къæхти уæнгæ. Фæстаг къæхтæ дæр фæллух кæниуонцæ, æма уотемæй цар рахецæн уидæ бауæрæй. Царæн æ фид уидæ æндæмæ, æ гъун ба – медæмæ. Цар уой фæсте гъудæй итиндзун, цæмæй си фулдæр цæуа хуар, уомæн. Итиндзгæ ба 'й кодтонцæ уотæ: къæхти, хуардзæуæни цъæстæ рабæттиуонцæ пухцæй. Уони бæттун нæ гъудæй гъæмпæ нæмгæй. Уæдта цари гъæмпæ нинннæмиуонцæ. Гъæмпæ си хъæбæр нинннæмиуонцæ, цæмæй раивæзтайдæ, уой тухххæй. Гъæмпæ си ку нинннæмиуонцæ, уæдта къæхти, хуардзæуæни цъæстæ рабæттиуонцæ, æма будургъæ (цар) хæдзари, тургъи æндæр ескæми хъел ниссадзиуонцæ, æма 'й уотемæй ниссор кæниуонцæ (еу 2-3 къуæрей фæллæууидæ гъæмпи хæццæ). Ку ниссор уидæ, уæдта балата исцæттæ кæниуонцæ и царæн.

Балата ба кодтонцæ уотæ: къумæли бунтæ, кенæ арахъи фунхбæл никкæниуонцæ зад, еуминкъий цæнхæ, тауæг хурхæ. Уони еумæ исæсмæнтиуонцæ. Гъæуама дзæбæх бæзгингомау адтайдæ. Царæй гъæмпæ ракалиуонцæ. Зæнхæбæл æй æрæвæриуонцæ. Царæн раздæр æ еу фарс байсæрдиуонцæ балатайæй. Уæдта ибæл, исæрст ци фарс нæ адтæй, уой тохгæ цудæнцæ исæрдгæй. Уотемæй цар еугурæйдæр байсæрдиуонцæ кæронмæ. Уæдта цар батумбул кæниуонцæ, æма 'й еу къуми байвæриуонцæ. Ести дивилтæ ибæл багæлдзиуонцæ гъарæн, æма 'й еу-дæс бони ниуудзиуонцæ балатайæй исæрстæй. Балата ибæл иссор уидæ еци рæстæги.

Гъе уой фæсте цар еци тумбулæй тургъæмæ, дзæхæрадонæмæ рахæссиуонцæ, æма 'й уоми ниццæгъдиуонцæ. Нур æй гъæуй фæлмæн кæнун. Фæлмæн ба 'й кодтонцæ нæруи. Нæруи æй иснæмиуонцæ. Еу лæг нæруæбæл исбадидæ, иннæ ба хуæстæй лæгурмæбæл. Нæруæбæл ка бадтæй, е цар зелгæ цудæй, иннæ ба 'й надта лæгурмæй, æма уотемæй цар исфæлмæн кæниуонцæ. Уотæ 'й исфæлмæн кæниуонцæ, æма байзадæй загъд, гъоси цъаси æй раластайдæ мæхæл (къæсса). Уотемæй исцæттæ уидæ мæхæл (къæсса). Нур ба ин гъудæй бангом кæнун æ къæхти (æ хуардзæуæни) цъæстæ. Уони бахуйиуонцæ федар халæй (бæхснутæй) фиццаг медæгæй, уæдта æ гъун æрдæмæ (уæдта æ усхъуммæ). Уæдта ибæл ести фæлмæнгонд царæй бахуйиуонцæ комæфтауæн, цæмæй мæхæли (къæссай) ком фæуурухдæр адтайдæ, уомæн. Гъе еци куститæ ку бакæнунцæ, уæдта мæхæл (къæсса) рахатунцæ æ гъун æрдæмæ. Ку 'й рахатунцæ, уæдта ин æ гъунтæ кæрдæнæй нилвинунцæ, ниццæгъдунцæ 'й. Æма уæд мæхæл (къæсса) æй цæттæ. Мæхæл уидæ устурдæр. Уой кодтонцæ устурдæр цæрæгойти царæй (цæудзар, кенæ нæл дзæбодури царæй). Минкъийдæр цæрæгойти (сæгъти, силæ дзæбодурти) цæрттæй ба кодтонцæ къæсса.

Дзæкъолæ (худтонцæ 'й къадай дзæкъолæ дæр) кодтонцæ мæхæли (къæссай) хузæн, фал æй кодтонцæ дæркъи царæй. Уомæн балата нæ гъудæй. Дæркъæ ку равгæрдиуонцæ, уæд æй мæхæлæстъигъд ракæниуонцæ. Еци гъарæй æй иннердæмæ фæххатиуонцæ. Æнгом ин æхе ратохиуонцæ, уæдта ма 'й дивилти дæр æрбатохиуонцæ, æма 'й еу къуми 2-3 бони бауадзиуонцæ. Уæдта 'й райхалæ. Æ гъун æрдæмæ æй фæххатæ, æма ин æ гъун ракæдзос кæнæ. Гъун æхуæдæг рагъзæлуй. Ку ракæдзос уа гъунæй, уæдта си гъæмпæ дзæбæх нинннæмæ, цæмæй райвæза, уой тухххæй. Æма 'й еу къуми бахъел кæнæ. Уотемæй æй ниссор кæнæ. Ку ниссор уа, уæдта ин æ гъæмпæ раласæ. Æ къумтæ (къæхти, хуардзæуæни цъæстæ бахуйæ), ма æй нæ – руи иснæмæ. Ку исфæлмæн уа, уæдта 'й иннердæмæ рахатæ. Æ къумтæ ин бахуйæ. Комæфтауæн ибæл бахуйæ. Бæттæн ибæл ниббæттæ, æма дæ дзæкъолæ цæттæ 'й. Дæ инсуйнаг си никкæнæ æма 'й къада куройнæмæ инсунмæ хæссæ. Дзæкъолæ кодтонцæ рæуæг хæссуйнагæн.

*ГÆБÆТ.* Гæбæт дæр кодтонцæ дæркъи царæй тæнгъæдтæ дарунæн (къумæл, бæгæни, месин, арахъ æма æнд.). Косарт гæбæттæстъигъд никкодтонцæ. Раздæр гъæдин къæбæлтæ исцæттæ кæниуонцæ, æ къæхти, хуардзæуæни цъæстæн. Куддæр цар косартæй фæххецæн уидæ, уотæ ин æ къæхти (хуардзæуæни) цъæсти гъæдин къæбæлтæ рацæвидæ адæймаг, æма сæ æнгом рабæттидæ. Уæдта 'й, æнæ усхъуммæ (фид æрдæмæ), рахатгæй, ниддумидæ. Уотемæй æй ниддунсун кæниуонцæ. Æ ком ин федар ниббæттиуонцæ, æма æ гъун æндæмæ, уотемæй æй царбæл нииййауиндзиуонцæ. Ауигъдæй фæллæууидæ еу 10-20 бони. Ку ниссор уидæ, уæдта 'й еци дунстæй сæрдасæнæй ниддасиуонцæ. Уой фæсте ин æ думгæ исуадзиуонцæ, æ фид ин æндæмæ рахатиуонцæ. Искæниуонцæ толдзæдон гæбæт фæлдайунмæ, цæмæй æмбуйгæ ма кодтайдæ, æма æ хузæ мора адтайдæ, уой тухххæй. Толдзæдон кодтонцæ уотæ. Æрхæссиуонцæ гъæдæй толдзæ сог. Согтæн сæ цъарæ (толдзæ согтæн) нистъегъиуонцæ æма еци цъæрттæ аги исфициуонцæ дони. Цæмæй ин æ фунхи бæрæг базонай, уой тухххæй толдзи цъарæ расæттæ, æма ма кæд мора дара, уæд ма 'й фицун гъæуй. Кæд сæстаги хурфæ рафæлорс уа, уæдта толдзæ дон цæттæ 'й. Толдзæ дон ку исцæттæ (исфицонцæ толдзи цъæрттæ) уа, уæдта 'й артæй райсæ. Æруазал æй кæнæ. Ку ниуузал уа, уæдта 'й еу естæмæ рауадзæ (тæгæнамæ, тасмæ, къибиламæ), æма дæркъдзар уоми нифффæлдайæ. Еу 4-5 бони æй бауадзæ фæлдадæй, уæдта 'й исесæ æма 'й естæбæл æрæвæрæ, куд æрсор уа, уотæ. Цалинмæ сор кæнидæ, уæдмæ ин къæбæлтæ исамайиуонцæ æ цъæстæ бангом кæнунмæ. Къæхти цар фæццубурдæр кæниуонцæ. Исцæттæ кæниуонцæ гъæдин къæбæлтæ къæхти ма хуардзæуæни цъæстæн. Къæбæлæн æ астæу нинникъæт кæниуонцæ (никъæт никкæнæ). Къæбæл ниццæвиуонцæ æндаг фарсæрдиги (дасгæ ци фарс кодтонцæ гæбæтæн, уоми). Никъæтбæл æй пухцæй ниббæттиуонцæ æнгом. Уой фæсте ба 'й медæгмæ, фид æрдæмæ, бахатиуонцæ, æма бабæй æй æндаг фарсæй федар ниббæттиуонцæ, цæмæй си тæнгъæдæ æндæмæ ма гъара, уой тухххæй. Гæбæтæн æ коми ба листæг цъæстæ никкæниуонцæ кæрæдземæ хæстæг. Уонæми пухцæ раласиуонцæ бæттæнæн. Гъе уæдта гæбæт кæдзос нихсниуонцæ. Æхснадтонцæ 'й фунукдони, цæмæй æ фид (цар) федардæр адтайдæ, уой тухххæй. Фунукдони фæсте ба 'й кæдзос нихсниуонцæ донæй. Уæдта æй естæбæл æрæвæриуонцæ сор кæнунмæ. Ку æрсор уидæ, уæдта бабæй æй нæуæгæй ниддумиуонцæ. Æ ком ин федар бабæттиуонцæ æма 'й царæбæл еци думстæй æрауиндзиуонцæ сор кæнунмæ. Гъе уæдта скъордон искæниуонцæ. Æндзæлттæй скъорæ æрсæрфиуонцæ. Донбæл æй исæсмæнтиуонцæ. Кенæ ба гæбæт цъифæ къохæй скъорæй райсæрдиуонцæ. Уой ба цъифæ къохи æнгулдзитæй æрсæрфтитæ кæниуонцæ, æма гæбæти æндаг рæсугъд дæргъитæ исуидæ.

Толдзæ дон дæр, скъордон дæр федар кæнунцæ гæбæт, уæдта 'й рæсугъд мора кæнунцæ.

Ку ниссор уидæ гæбæт, уæдта ин æ думгæ исуадзæ, æма си хæссæ, ци хæссуйнаг дæ, уой. Ахиддæр си пайда кодтонцæ хуасдзаутæн, æнтаугутæн къумæл, дон, бæгæни, арахъ æма æндæр тæнгъæдтæ хæссунæн.

Месин дæр дардтонцæ гæбæти. Кæнгæ дæр къæпуй месин гæбæти кодтонцæ.

***1910 анзи игурд Бæзити Мисийрæт Темурций кизги дзурдтæй сæ нифффинста 20-21 январи 1999 анзи Курттати гъæуи Цагъати Анастасия.***





*Нæ абони ракувдтити ци изæд, ци идауæги ном иссирдтан, кæмæ искувтан, сæ еугурей хуарзæнхæ дæр уæд Иристони алли хæдзари дæр. Уотæ ма ци изæд, ци идауæг зæгъа, мæнмæ дæр ку искувтайуонцæ, уæд син æз дæр фæййагъаз адтайнæ, уонæн дæр табу!..*

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
|  | | | У циклопа он один | | Садовый цветок | | Элемент ружья | Человек-такси | | Складная линейка плотника | |  | | |
| | | | | | | | Футбольный клуб Испании | | | | | | | |
| | | | Заболевание суставов | | | | | | | Правая рука атамана | | | | |
| | | | Настойчивый голос предков | | | | Шёлковая или шерстяная ткань | | | | | | | |
| Снасть для ловли рыбы в море | Горбатый заяц из тропиков | Сосуд для вина | | Экскаваторный захватчик | | | | | Море в Тихом океане | | | | | Китайская гимнастика |
| | | | | | | | Фасон мужской рубашки | | | | | Игра в теннис со стенкой | | Ультразвуковой гидролокатор |
| Заряд взрывчатого вещества | | Духовный наставник | | Недруг | |  | | | Жидкость, приправа к пище | | | | | |
| | | | | | Православный праздник | | | | | | | | Город в Нигерии | |
| Шуба-прыжок | | | | | | | | | Растение с колосьями | Обезьяна с красным задом | Солёное озеро и область в Турции | | | |
| | | | Бамбуковый медведь | | | | | | Качество золота | | | | | |
| Царское угощение | Урожай косаря | | | | | Драгоценный камень | | Приятное на вкус | Гадальные карты | | Острый ус на хлебном колосе | | | |
|  | | | Подобие, соответствие | | | | | | | | |  | | |
| | | | | | | | Зерновая культура | | | | | | | |
| | | | Стадия, период развития | | Гора в Армении и Турции | | | | | | | | | |
| | | | | | | | Шахматная фигура | | | | | | | |

## ОТВЕТЫ НА СКАНВОРД:

**По вертикали:** Глаз. Крокус. Затвор. Рикша. Метр. Хлопушка. Есаул. Агути. Бокал. Ушу. Сквош. Сонар. Гуру. Супостат. Пасха. Аба. Дед. Павиан. Опал. Смак. Таро. Ость.

**По горизонтали:** Ælка. Реал. Артрит. Зов. Креп. Самодур. Ковш. Сулу. Апаш. Фугас. Уксус. Тулуп. Злак. Ван. Панда. Проба. Пир. Укос. Сходство. Шар. Маис. Этап. Арарат. Стол. Конь.


**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2933**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.12.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.12.2021.



**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**